O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA`M ORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAG`I’ QARAQALPAQ MA`MLEKETLIK

UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI’ FAKULTETI

Fakultet dekani’:

__________f.i.k. Q.K.Turdi’baev

«____» _____________ 2014-j.

5220100-filologiya ha`m tillerdi oqi’ti’w (Qaraqalpaq filologiyasi’) bag’dari’ni’n’ 4-kurs studenti **Woralbayeva Umidani’n’**

**«1980-1990-ji’llar qaraqalpaq poeziyasi’nda lirikali’q sub`ekt ha`m lirikali’q ob`ekt obrazlari’ni’n’ jasali’w wo`zgeshelikleri (J.Izbasqanov, K.Ka`rimov, S.Ibragimov, M.Berdiev lirikasi’ mi’sali’nda) »** degen temadag’i’

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMI’SI’

Jaqlawg`a ruxsat berildi

Kafedra basli’g`i’: f.i.k. Q. Yusupov — Ilimiy basshi’: f.i.k. B. Genjemuratov

___________________ (qoli’) — ___________ (qoli’)

«___» _______ 2014-j.

**No`kis – 2014-ji’l**

**Ma`mleketlik attestaciya komissiyasi’ni’n`**

**QARARI' :**

5220100-filologiya ha`m tillerdi oqi'ti'w (Qaraqalpaq filologiyasi') bag'dari'ni'n' 4-kurs studenti **Woralbayeva U'midani'n' «1980-1990-ji'llar qaraqalpaq poeziyasi'nda lirikali'q sub`ekt ha`m lirikali'q ob`ekt obrazlari'ni'n' jasali'w wo`zgeshelikleri (J.Izbasqanov, K.Ka`rimov, S.Ibragimov, M.Berdiev lirikasi' mi'sali'nda) »** degen temadag'i' **PITKERIW QA`NIGELIK JUMI'SI'na** jumi'si'na "_____ " bahasi' qoyi'lsi'n

**MAK baslig`i' :** ____________________ ______________________

(qoli') (f.i.sh)

**MAK ag`zalari' :**

____________________ ______________________

(qoli') (f.i.sh)

____________________ ______________________

(qoli') (f.i.sh)

____________________ ______________________

(qoli') (f.i.sh)

____________________ ______________________

(qoli') (f.i.sh)

____________________ ______________________

(qoli') (f.i.sh)

____________________ ______________________

(qoli') (f.i.sh)

**1980-1990-ji'llar qaraqalpaq poeziyasi'nda lirikali'q sub`ekt ha`m lirikali'q ob`ekt obrazlari'ni'n' jasali'w wo`zgeshelikleri (J.Izbasqanov, K.Ka`rimov, S.Ibragimov, M.Berdiev lirikasi' mi'sali'nda)**

## M A Z M U N I'


**Kirisiw........................................................................................……….... 2**

**I bap. XX a`sirdin` 80-90-ji'llari'ndag`i' qaraqalpaq lirikasi': J.Izbasqanov, K.Ka`rimov, S.Ibragimov, M.Berdiev do`retiwshiligi.............. 7**

**I. 1. 1980-90-ji'llardag`i' qaraqalpaq lirikasi' na sholi'w…………………7**

**I. 2. J.Izbasqanov, K.Ka`rimov, S.Ibragimov, M.Berdiev poeziyasi'ni'n` wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri…………………………… …………………..13**

**II bap. 1980-90-ji'llar qaraqalpaq poeziyasi'nda lirikali'q qaharman obrazi'……………………………………………………..………………. 26**

**II. 1. Lirikali'q sub`ekt ha`m lirikali'q ob`ektke teoriyali'q si'patlama……………………………………………………………………. 26**

**II. 2. Shayi'rlar poeziyasi'nda lirikali'q sub`ekt ha`m lirikali'q ob`ekt obrazlari'n jasaw wo`zgeshelikleri……………………………………........ 34**

**Juwmaq..................................................................................................... 52**

**Paydalani'lg`an a`debiyatlar................................................................. 56**

## Kirisiw

**Temani’n` aktualli’g`i’.** XX a`sirdin` 80-90-ji’llari’ qaraqalpaq a`debiyati’ni’n` tari’yxi’nda, a`sirese lirikashi’li’g`i’nda jan`a wo`rlew basqi’shi’ boldi’. Ja`miyettin` rawajlani’w bari’sindag`i’ buri’li’slar, sotsialli’q, siyasi’y waqi’yalar ko`rkem a`debiyatqa da wo`z ta`sirin tiygizbey qalmadi’. A`sirese, xalq’i’mi’z tari’yxi’nda wo`tken a`sirdin` 80-ji’llari’ burqasi’nli’ da`wir boldi’. «Qayta quri’w» siyasati’na baylani’sli’ ja`riyali’li’q a`debiyatti’n` da mazmunli’q jaqtan bir qansha yerkinlesiwine, soni’n` menen birge jan`a formalar ha`m janrlardi’n` a`debiyatti’n` barli’q tu`rlerine kirip keliwine tu`rtki boldi’. Al, 90-ji’llar qaraqalpaq xalq’i’ni’n` tari’yxi’y turmi’si’nda ju`z bergen buri’li’s, yag`ni’y g`a`rezsizliktin` qolg`a kirgiziliwi de a`debiyatqa wo`z ta`sirin tiygizbey qalmadi’.

XX a`sirdin` 80-90-ji’llari’ qaraqalpaq poeziyasi’ni’n` rawajlani’wi’ndag`i’ wo`zgeshelikler qaraqalpaq a`debiyattani’w iliminin` rawajlani’wi’nda da jan`a basqi’sh boldi’. Sebebi, bul ji’llardan baslap a`debiyattag`i’ «sotsiali’stlik-reali’zm» metodi’ ni’zamli’li’qlari’, parti’yali’li’g`i’, klassli’q gu`res ideyalari’ usag`an printsiplerinin` ko`z-qarasi’nan bahalaw tendentsiyasi’ saplasti’ri’ldi’, jan`a ilimiy, ko`rkem-estetikali’q, uli’wma insani’yli’q tu’siniklerge qarap qa`dem taslandi’.

Qaraqalpaq a`debiyati’, soni’n` ishinde a`hmiyetli janr bolg`an poeziyami’z 80-90-ji’llarda a`dewir jetiskenlikke yeristi, joqari’ ideyali’ ko`rkemligi menen di’qqatqa miyasar poeziyali’q shi’g`armalar jazi’ldi. Buri’nnan qa`lem terbetip kiyati’rg`an shayi’rlari’mi’z benen bir qatarda wo`zine ta`n hawazi’ seziletug`i’n, turmi’sqa belsene aralasi’wshi’ talantli’lar poeziyami’zdi’n` ko`lemin g`ana ken’eytip qoymastan, woni’ jan`a tema, jan`a ko`rkem boyawlar menen de bayi’tti’. Shi’ni’nda da, 80-90-ji’llar qaraqalpaq poeziyasi’ni’n` rawajlani’wi’nda belgili talant iyelerinin` do`retiwshiligi jetekshi wori’n tutadi’. Usi’nday talant iyelerinen Sh.Ayapov, K.Reymov, J.Izbasqanov, K.Kari’mov, S.Ibragimov, B.Genjemuratov, M.Berdiev poeziyada wo`zgeshe tolqi’ndi’ payda yetti.

Ha`r qi’yli’ jan`ali’qlar, da`wirdin` jan`ali’qlari’ yen` aldi’ menen bizin` zamanlaslari’mi’zdi’n` sana-sezimlerinde ko`rinedi. Al, ko`rkem a`debiyat, soni’n` ishinde poeziya bolsa usi’ jan`ali’qlardi’ «sezimler menen suwg`ari’p» a`debiyatti’n` worayli’q tulg`asi’ bolg`an insandi’ u`yreniwge, sa`wlelendiriwge xi’zmet yetedi. Da`wir talabi’na, waqi’t talabi’na juwap beriw waqi’t ma’selesine aralasi’w qashan bolsa da poeziyani’n` bas bag`dari’ boli’p tabi’ladi’. Biz so`z yetip woti’rg`an da`wir qaraqalpaq poeziyasi’ qaraqalpaq a`debiyati’nda u`lken iz qaldi’rg`an da`wir boldi’. Sonli’qtan, usi’ da`wirde qa`lem terbetken, buri’nnan bar poetikali’q da`stu`rlerdi, tendentsiyalardi’ ken`nen rawajlandi’ri’w menen birge, poeziyani’ tu`r, stil`, su`wretlew qurallari’ jag`i’nan jan`ali’qlar menen bayi’tqan shayi’rlari’mi’z J.Izbasqanov, K.Ka`rimov, S.Ibragimov, M.Berdiev do`retiwshiligindegi lirikali’q qaharman ma`selesin u`yreniw aktual ma`selelerlen yesaplanadi’.

**Temani’n` u`yreniliwi.** 1980-90-ji’llar basi’li’p shi’qqan qaraqalpaq poeziyasi’n da`wirlerge, lirikani’n` tu`rlerine bo`lip izertlewdin` payda boli’wi’, poeziyani’n` janrli’q, ideyali’q-temati’kali’q, strukturali’q, ko`rkemlik wo`zgesheliklerin so`z yetiwshi S.Axmetovti’n` «Qaraqalpaq sovet poeziyasi’», T.Ma`mbetniyazovti’n` «Poeziya haqqi’nda oylar», K.Xudaybergenovti’n` «Lirika ha`m wo`mir», Q.Worazi’mbetovti’n` «Ha`zirgi da`wirdegi qaraqalpaq lirikasi’nda ko`rkemlik izleniwshilik» miynetleri poeziya janri’ni’n` ha`r qi’yli’ problemalari’n sheshiwi menen qunli’. Xali’q shayi’rlari’ni’n` do`retiwshiligi boyi’nsha S.Axmetovti’n` «Adebiyat ha`m kritika», T.Ma`mbetniyazovti’n` «Qaraqalpaq sovet lirikasi’», «Poeziya-turmi’s, gu`res ha`m talpiniw», K.Xudaybergenovti’n` «Da`wir ha`m pari’z», Q.Sultanovti’n` «Zamanlas jani’m menen», «Shayi’r joli’» miynetlerinde shayi’rlardi’n` do`retiwshilik joli’, shi’g`armalari’ tutasi’ menen temati’kali’q, janrli’q xarakterde ko`rkem obraz jasaw sheberlikleri arnawli’ izertlendi. Sonday-aq lirikani’n` formasi’n, soni’n` ishinde qosi’q quri’li’si’n izertlewge bag`darlang`an jumi’slar payda boldi’. Bunda S.Axmetov, M.Nurmuhammedov, T.Ma`mbetniyazov, K.Xudaybergenov, N.Japaqov, Q.Sultanov, K.Ma`mbetov, Q.Muratbaev si’yaqli’ belgili ilimpazlar a`dewir

miynet yetti. Qaraqalpaq a`debiyati’nda lirikani’n` ko`rkem formalari’ jo`ninde Q.Worazi’mbetovti’n` «Ha`zirgi qaraqalpaq lirikasi’nda ko`rkem formalardi’n` evolyutsiyasi’ ha`m tipologiyasi’» monografiyasi’n, Q.Ja`rimbetovti’n` XIX a`sir qaraqalpaq lirikasi’ni’n` janrli’q tu`rlerin izertlewge bag`darlang`an doktorli’q dissertatsiyasi’n usi’ saladag`i’ a`hmiyetli izertlew si’pati’nda bahalaw mu`mkin.

**İzertlew obekti ha’m predmeti**. Pitkeriw qa`niygyelik jumi’si’mi’z ushi’n tan’lang’an temami’zdi’n` predmeti J.Izbasqanov, K.Ka`rimov, S.Ibragimov, M.Berdiev poeziyasi’ndag`i’ li’rikali’q sub`ekt ha`m lirikali’q ob`ekt ma`selesi boli’p, izertlew obekti si’pati’nda J.Izbasqanov, K.Ka`rimov, S.Ibragimov, M.Berdiev poeziyali’q shi’g’armalari’n ayti’w mu’mkin.

**Jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’.** XX a`sirdin` 80-90-ji’llari’ qaraqalpaq poeziyasi’ni’n` rawajlani’wi’ndag`i’ wo`zgeshelikler qaraqalpaq a`debiyati’nda wo`zinin` salmaqli’ worni’na iye. Shayi’rlari’mi’z bul da`wirde forma ko’p tu’rliligin jetilistiriwde ha`m poetikali’q mazmundi’ joqari’ basqi’shlarg’a shi’g’ari’wda bir qansha jetiskenliklerge yeristi. Usi’ da`wirde qa`lem terbetken shayi’rlari’mi’zdi’n` do`retpelerindegi lirikali’q qaharman obrazi’n jasaw wo`zgesheliklerin u`yreniw jumi’si’mi’zdi’n` basli’ maqseti boli’p tabi’ladi’. Wo`tken a`sirdin` son`g`i’ jigirma ji’li’ poeziyami’zda buri’nnan qa`lem terbetip kiyati’rg`an shayi’rlar menen birge bir qansha jas talantli’lar menen toli’sti. Sonli’qtan biz bul jumi’si’mi’zda poeziyada ko`ringen shayi’rlardi’n` ha`mmesine toqtali’w ha`m do`retiwshiligine si’patlama beriw mu`mkinshiligine iye yemespiz.

Bul maqsetke to’mendegi wazi’ypalardi’ wori’nlaw arqali’ yerisemiz:

- XX a`sirdin` 80-90-ji’llari’ qaraqalpaq poeziyasi’ bag`dari’ni’n` uli’wmali’q belgilerin ani’qlaw;

- J.Izbasqanov, K.Ka`rimov, S.Ibragimov, M.Berdievlardi’n` do`retiwshilik joli’ndagi’ wo`zine ta`n wo`zgesheliklerdi u`yreniw;

- Shayi’rlardi’n` lirikali’q qaharman obrazi’n jarati’wdag`i’ sheberliklerin u`yreniw ;

- lirikali’q ob`ekt ha`m lirikali’q sub`ekt tu`siniklerin teoriyali’q jaqtan tiykarlaw;

- shayi’rlari’mi’zdi’n` lirikali’q ob`ekt ha`m lirikali’q sub`ekt ma`selesin sa`wlelendiriwdegi wo`zgesheliklerine talq’i jasaw ha`m t.b.

**Pitkeriw qa`nigelik jumi’sinin` ilimiy jan`ali’g`i’.** A`debiyattani’w iliminde bi’raz shatasli’qlardi’ payda yetip kiyati’rg`an lirikali’q qaharman, shayi’r, lirikali’q personaj, lirikali’q ob`ekt ha`m lirikali’q sub`ekt tu`siniklerin ani’qlastiriwg`a bolg`an wo`z ko`z-qaraslari’mi’zdi’, bazi’ bir ilimiy juwmaqlari’mi’zdi’ jumi’sti’n` ilimiy jan`ali’g`i’ si’pati’nda belgileymiz.

**Pitkeriw qa`nigelik jumi’sini’n` teoriyali’q ha’m metodologiyali’q tiykarlari’.** Pitkeriw qa`nigelik jumi’sinin` aldi’na qoyi’lg`an maqseti ha`m wazi’ypalari’n wori’nlawda I.A.Kari’movti’n` miynetlerindegi a`debiyat ha`m woni’n` ja`miyettegi a`hmiyeti, uli’wma ruwxi’y rawajlani’w haqqi’ndag`i’ pikirleri, uli’wma progressiv ko`rkem-estetikali’q woy-pikirler negizgi metodologiyali’q tiykar xi’zmetin atqaradi’. Bul jumi’sti’ jazi’w bari’si’nda du`n`ya ha`m qon`si’las xali’qlar a`debiyattani’w ilimindegi jetiskenlikler, ilimiy teoriyali’q bilimler basshili’qqa ali’ndi’. Qaraqalpaq poeziyasi’ni’n` basli’ wo`zgesheliklerin u`yreniwde miynet yetken S.Axmetov, K.Ma`mbetov, T.Ma`mbetniyazov, Q.Orazi’mbetov, Q.Ja`rimbetov, B.Genjemuratov ha`m tag`i’ basqalardi’n` ilimiy miynetlerine su’yenildi.

**Jumi’sti’n` teoriyali’q ha`m a`meliy a`hmiyeti.** Bul pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ni’n` temasi’ qaraqalpaq a`debiyattani’w iliminin` aldi’nda turg`an aktual` teoriyali’q ma`selelerdin` biri. Wol usi’ ma`selenin` sheshiliwine az da bolsa imkani’yat jaratadi’. Jumi’s materiallari’ a`meliy jaqtan qaraqalpaq poeziyasi’ jo`nelisi ma`selelerin qarasti’ri’wda belgili da`rejede paydali’ wazi’ypasi’n atqaradi’. Izertlew jumi’si na`tiyjelerin woqi’w wori’nlari’ni’n` filologiya

fakul`tetlerinde ha`zirgi zaman a`debiy protsesine tiyisli sabaqlarda, arnawli’ kurs ha`m semi’narlarda paydalani’w mu`mkin.

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’**. Jumi’s kirisiw ha’m juwmaqtan ti’sqari’ yeki baptan turadi’. Kirisiw bo’liminde temani’n’ aktualli’g’i’, izertleniw tari’yxi’, ilimiy-a’myeliy a’hmiyeti, ilmiy jan’ali’g’i’, teoriyali’q ha’m metodologiyali’q tiykarlari’, jumi’sti’n’ quri’li’si’ haqqi’ndag’i’ ma’seleler so’z yetildi.

Birinshi bap «XX a`sirdin` 80-90-ji’llari’ndag`i’ qaraqalpaq lirikasi’: J.Izbasqanov, K.Ka`rimov, S.Ibragimov, M.Berdiev do`retiwshiligi» dep atali’p, wol to’mendegi yeki bo’limnen turadi’. «1980-90-ji’llardag`i’qaraqalpaq lirikasi’ na sholi’w», «J.Izbasqanov, K.Ka`rimov, S.Ibragimov, M.Berdiev poeziyasi’ni’n` wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri».

Yekinshi bap «1980-90-ji’llar qaraqalpaq poeziyasi’nda lirikali’q qaharman obrazi’» dep atali’p, «Lirikali’q sub`ekt ha`m lirikali’q ob`ektke teoriyali’q si’patlama», «Shayi’rlar poeziyasi’nda lirikali’q sub`ekt ha`m lirikali’q ob`ekt obrazlari’n jasaw wo`zgeshelikleri» dep atalg’an yeki bo’limnen turadi’.

Jumi’s son’i’nda paydalang’an a’debiyatlar dizimi berildi.

## I bap. XX a`sirdin` 80-90-ji'llari'ndag`i' qaraqalpaq lirikasi': J.Izbasqanov, K.Ka`rimov, S.Ibragimov, M.Berdiev do`retiwshiligi

### I. 1. 1980-90-ji'llardag`i' qaraqalpaq lirikasi'na sholi'w

Ha`r bir da`wir turmi'sti'n` barli'q tarawlari'na yengizip turatug`i'n jan`ali'qlari' si'yaqli' a`debiyatqa da jan`a si'patlardi' ali'p keledi ha`m woni' bayi'ti'p woti'radi'. Sebebi, lirika waqi'tti'n` jan`ali'qlari'n tez sa`wlelendiriwi menen aj'i'rali'p turadi'. A`debiyati'mi'zdag`i' jan`a si'patlar birinshi gezekte lirikada wo`z sa`wlesin tabatug`i'nli'g`i' ta`biyiy na`rse. Al, woqi'wshi'ni'n` ju`regin terbetpeytug`i'n, wonda sezim woyatpaytug`i'n, wo`mir poeziyasi'n teren` sezbey turi'p jazi'lg`an qosi'qlar a`debiyat saxnasi'nan tu`sip qaladi'. XX a`sirdin` 80-90 ji'llari' qaraqalpaq a`debiyati'ni'n` tari'yxi'nda, a`sirese lirikashi'lg`i'nda jan`a wo`rlew basqi'shi' boldi'. Ja`miyettin` rawajlani'w bari'si'ndag`i' buri'li'slar, sotsialli'q, siyasi'y waqi'yalar ko`rkem a`debiyatqa da wo`z ta`sirin tiygizbey qalmadi'. A`sirese, xalq'i'mi'z tari'yxi'nda wo`tken a`sirdin` 80-ji'llari' burqasi'nli' da`wir boldi'. Bul da`wirdin` lirikasi' haqqi'nda f.i.d. Q.Worazi'mbetov to`mendegishe jazadi':

«Uli'wma 80-ji'llardag`i' qaraqalpaq lirikashi'li'g`i' wo`zinin` rawajlani'wi'nda to`mendegishe belgilerge ha`m da`stu`rlerge iye bola basladi'. Shayi'rlari'mi'zdi'n` do`retiwshiligi, belsendiligi ha`m wo`zinshelikleri arti'p bardi'. Dogmati'zmnen, haqi'yqatli'qti' boyap ko`rsetiwlerden quti'li'w protsesi ken`nen yen jaydi'. Lirikali'q shi'g`armalarda ko`birek gumani'stlik ko`z-qaraslar yele de ku`shlirek rawajlana basladi', shayi'rlari'mi'zdi'n` wo`z joli'na, jazi'w usi'li'na iye boli'wg`a, ko`rkemlik izleniwshilikke di'qqati' ku`sheydi. Xali'qti'n` haqi'yqat ko`rkem tari'yxi'na, turmi'si' menen ma`deniyati'na qi'zig`i'wshili'q artti', sotsialli'q ha`m uli'wma adamzat mashqalalari'n: jaqsi'li'q ha`m jamanl'i'q, wo`mir ha`m wo`lim, a`dep-ikramli'li'q ha`m ruwxi'y mashqalalardi' so`z yetiw basli' wori'ndi iyeleydi. Ko`p g`ana jaqsi' shi'g`armalarda lirikali'q ha`m

publitsistikali’q usi’llardi’ birlestiriw, sonday-aq ja`miyettegi sotsialli’q qarama-qarsi’li’qlardi’ izertlew teren`lesti»[1].

XX a`sirdin` son`g`i’ jigirma ji’lli’g`i’ qaraqalpaq lirikasi’nda jan`a forma ha`m jan`a ko`rkem mazmun salasi’ ku`shli rawajlang`an da`wir boli’p yesaplanadi’. Atap aytqanda, wo`tken a`sirdin` 80-ji’llari’nan baslap a`debiy protsesste ku`shli «tolqi’n» jetilisip shi’qti’. Wolar Sh.Seytov, K.Kari’mov, J.Izbasqanov, Sh.Ayapov, B.Genjemuratov, K Reymov, S.Ibragimov, M.Berdiev ha`m t.b. qusag`an shayi’rlar yedi. Bul shayi’rlardi’n` do`retiwshiligi arqali’ lirikami’zg`a jan`a ko`rkem formalar-verlibr, u`shlik (xokku), yekilikler kirip keldi ha`m wo`z aldi’na janr si’pati’nda qa`liplese basladi’. Shayi’rlardi’n` bul qosi’q formalari’n qollani’wda ha`r birine ta`n stili bar. A`debiy protsesstegi jan`a payda bolg`an bunday qubi’li’s wo`z waqti’nda a`debiy si’n ta`repinen ha’r tu’rli ko’z qaraslarda bahalani’ldi’. Soni’ da ayti’p wo`tiw kerek, bul jan`a formani’ quwatlamawshi’ toparlari’ da bar yedi. Degen menen, bular arasi’nda verlibr formasi’ wo`zinin` ko`rkemliligi, shayi’rdi’n` pikirler ag`i’mi’n jetkerip beriwdegi abzalli’g`i’ menen qaraqalpaq lirikasi’ na tez sin`isti ha`m a`debiy do`retiwshilikte bul formani’ do`retiwshiler sani’ ko`beyip bardi’. Wolar wo`z shi’g`armalari’n ja`miyettin` yen` tiykarg`i’ biriktiriwshi ku`shi bolg`an ruwxi’y bayli’qti’, a`dep-ikramli’qti’, insanni’n` qa`lbine uyalaytug`i’n yen` jaqsi’ sezimlerdin` tiykari’nda jatatug`i’n jaqsi’li’q ha`m kerisinshe jamanl’i’q si’yaqli’ turmi’sli’q mashqalalardi’ teren`nen so`z yetti. Ko`p g`ana jaqsi’ shi’g`armalarda lirikali’q ha`m publitsistikali’q usi’llardi’ birlestiriw arqali’ wo`zi jasap turg`an zamanni’n` mashqalalari’na juwap izlegen, woni’n` kelip shi’g`i’w sebeplerin izlegen, ha`r ta`repleme izlenislerge, ko`rkem formag`a iye qosi’qlar do`retile basladi’. Bul pikirimizdi da`lillew ushi’n tag`i’ da usi’ da`wir lirikalari’n teren` izertlegen ilimpaz Q.Orazi’mbetovti’n` mi’na pikirlerin keltirip wo`teyik: «A`sirese, «Filosofiyali’q poeziya», «Meditati’vlik poeziya» dep atalatug`i’n qosi’qlar

[1] Оразымбетов Қ., Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем излениўшилик, Н., «Билим», 1992, 15-28-бб.

ko`plep ko`rine basladi’. Bunda 80-ji’llari’ lirikashi’li’g`i’mi’zda atlari’ ken`nen ma`lim bola baslag`an bir qansha shayi’rlari’mi’zdi’n` shi’g`armalari’nda usi’nday usi’llardi’n` basi’m boli’p ati’rg`anli’g`i’n atap wo`tiw kerek.»[2] dep ko`rsetedi.

80-90-ji’llari’ qaraqalpaq a`debiyati’nda yen` ko`p so`z yetilgen ekologiyali’q mashqala ha`r bir do`retiwshi’ni’n` do’retiwshiliginen ken`nen wori’n ali’p, bu`gingi da`wirdin` ruwxi’y kelbetin ani’q ashi’p berip woti’rdi’.

Aral ten`izinin` suwi’ tarti’li’p, ten`iz qa`ddinin` to`menlep barati’rg`anli’g`i’ sol tubalaw da`wirinde-aq belgili boli’p, woni’n` ta`biyg`i’y wortali’qtag`i’ a`hmiyeti, yeger suwi’ tarti’li’p quri’p ketse, woni’n` aqi’betinen shi’g`atug`i’n mashqalalar belgili maman qa`niygeler ta`repinen ja`miyetshilikke, basqari’w organlari’na wo`z waqti’nda-aq bildirildi. Lekin bul bildiriwler itibarg`a ali’nbadi’. Woni’ xali’qqa ja`riyalap, sheshimin izlestirmedi. Jazi’wishi-shayi’rlar tiyip-qashi’p, ti’msallap ko`rkem shi’g`armalar arqali’ ayta basladi’. Bi’raq, bul yele jetkiliksiz yedi. Aral ekologiyasi’ awi’ri’wi’n jasi’rg`an adamni’n` a`shkarasi’nday boli’p, yen` keyninde pu`tkil du`n`yag`a a`shkara boli’p qaldi’. Xali’qti’n` basi’na ekologiyali’q apat: awi’ri’wshili’q, wo`liwshilik, hawa rayi’ni’n` keskin wo`zgeriwi, duzli’, shan`li’ hawani’n` ha`r ku`ni wolar jasap turg`an ko`k aspandi’ qaplap yerkin na`pes ali’wi’na mu`mkinshilikler bermewi h.t.b. si’yaqli’ mashqalalar ku`n sayi’n arti’p bardi’. Bul da`wirde xali’q penen birge jasap ati’rg`an zamanlas shayi’rlardi’n`da do`retiwshilik sezimlerine ta`sir yetti. Wo`z xalq’i’ni’n` ji’ri’, basi’na tu`sip turg`an apatshili’q shayi’rlardi’n` basli’ temasi’ boli’p qaldi’. Tag`i’ da 80-ji’llardag`i’ qaraqalpaq a`debiyati’ndag`i’ basli’ wo`zgeshelik xali’qti’n` wo`z taryxi’na teren`nen u`n`iliw, milliy qaharmanlari’n ardaqlaw, milliy u`rp-a`det da`stu`rlerin uli’g`law si’yaqli’ milliylikti wo`z boyi’na sin`irgen shi’g`armalardi’n` yerkin tu`rde sa`wleleniwlerinde ko`rinedi.

---

[2] Оразымбетов Қ., Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем излениўшилик. Нөкис, «Билим», 1992, 15-28-бб.

XX a`sirdin` 90-ji’llari’ bolsa, a`debiyatta wo`z aldi’na buri’li’s da`wiri boldi’ desek qa`telespeymiz. Sebebi, 1991-ji’li’ yelimiz g`a`rezsizlikke yeristi. Usi’ ja`miyetlik-tari’yxi’y wo`zgeris qaraqalpaq poeziyasi’ni’n` rawajlani’wi’nda, qaraqalpaq a`debiyattani’w iliminin` rawajlani’wi’nda da jan`a basqi’sh boldi’. A`debiyat tari’yxi’na baylani’sli’ diniy a`debiyat, feodal-klerikal a`debiyat, saray a`debiyati’ degen tu`sinikler, ha`r bir millet a`debiyati’n reaktsiyashi’l ha`m progressivlik a`debiyat dep yekige bo`lip u`yretiw si’patlari’ basi’m bolg’an metodi’kali’q teoriyalarg`a shek qoyi’ldi. Sebebi, ko`rkem shi’g`armani’n` qunli’li’g`i’n, jazi’wshi’ni’n` du`n`yag`a ko`z qarasi’n kommunistlik ideologiya ko`z qarasi’nan bahalaw printsipinen pu`tkilley waz keshildi. Ko`rkem shi’g`armani’ bahalawdi’n` tiykarg`i’ wo`lshemleri: ko`rkem wo`zgesheligi, uli’wma insani’yli’q, milliy ruwxi’y qa`driyatlar ha`m milliy g`a`rezsizlik ideyalari’ boli’p qaldi’.

Qaraqalpaq a`debiyati’ ushi’n XX a`sirdin` 90-ji’llari’ milliy a`debiyat tari’yxi’nda ayri’qsha rawajlani’w da`wiri boldi’. A`sirese, bul da`wirde qaraqalpaq poeziyasi’ni’n` janrli’q, ideya, temati’kali’q, ko`rkemlik izleniwshilik bag`darlari’nda u`lken tabi’slarg`a yeriskenligi ma`lim. Qaraqalpaq poeziyasi’ 90-ji’llarg`a kelip wo`zinin` ra`n`-ba`ren`ligi, su`wretlew maydani’ni’n` ken`eygenligi, forma ha`m mazmuni’ni’n` jan`alang`anli’g`i’, ko`rkem obraz jarati’wdi’n` jan`asha usi’llari’, insandi’ ha`r ta`repleme u`yreniw, oni’n` ruwxi’y iskerligi talq’i’ni’ poeziyani’n` tiykarg`i’ si’patli’ belgisi, ko`rkemlik tiykari’na aynaldi’.

A`debiy protsesstegi usi’ si’patlar, wo`zgerisler qaraqalapaq a`debiyati’ni’n` tari’yxi’na jan`asha qaraw, ko`rkem shi’g`armalarg`a ob`ektiv baha beriw za`ru`rligin keltirip shi’g`aradi’. Usi’ ko`z qarastan biz XX a`sirdin` 90-ji’llari’ndag`i’ qaraqalpaq a`debiyati’nda do`relgen poeziyali’q shi’g`armalardi’, atap aytqanda, usi’ da`wirdegi a`debiy protsesstegi poeziyani’n` xarakterli

wo`zgesheliklerin, ko`rkemlik da`rejesin ha`m t.b. u`yrengende xalq’i’mi’zdi’n` ja`miyetlik-siyasiy ha`m tari’yxi’y turmi’si’ndag`i’ qubi’li’slardi’ itibari’mi’zg`a ali’w za`ru`rligi kelip shi’g`adi’.

Poeziya wo`z waqti’ni’n` yen` a`hmiyetli, woqi’wshi’ni’ tolqi’nlandi’rarli’q ma`selelerin tawi’p, joqari’ estetikali’q ku`sh penen sa`wlelendiriwi menen bahali’. Woqi’wshi’ni’n` tilegin qanaatlandi’riw, woni’ a`jayi’p la`zzetke bo`lew tek izlengish, jan`ali’qqa qani’q poeziyag`a g`ana ta`n si’pat. Ha`zirgi ku`nge shekem qaraqalpaq a`debiyattani’w iliminde milliy poeziyami’z tuwrali’ bir qansha ilimiy miynetler ju`zege keldi. XVIII a`sirden baslap XX a`sirge shekemgi qaraqalpaq shayi’rlari’ni’n` ko`pshiliginin` ismleri tiklenip, ilimiy ha`m a`debiy aylani’sqa qosi’ldi. Wolardi’n` wo`miri ha`m do`retiwshilik miynetleri tuwrali’ mag`liwmatlar menen ilimiy pikirler ha`m da`lillewler payda boldi’. Soni’n` menen birge XX a`sirdin` 80-90-ji’llari’ qaraqalpaq poeziyasi’ ha`r qi’yli’ aspektte lirik qaharman ma`selesi, lirikani’n` janrli’q temati’kali’q, ideyali’q rawajlani’w evolyutsiyasi’ tari’yxi’y-xronologiyali’q aspektte izertlendi. S.Axmetovti’n` «Qaraqalpaq sovet poeziyasi’», T.Ma`mbetniyazovti’n` «Poeziya haqqi’nda oylar» miynetleri sol da`wirde do`retiwshilik yetken shayirlardin` shig`armalarinin` ideyaliq, tematikaliq wo`zgeshelikleri, K.Xudaybergenovti’n` «Lirika ha`m wo`mir» miyneti lirikali’q qaharman ha`m lirikaliq do`retpelerdin` wo`zgeshelikleri, Q.Worazi’mbetovti’n` «Ha`zirgi da`wirdegi qaraqalpaq lirikasi’nda ko`rkemlik izleniwshilik» miyneti ko`rkem formalar ma`selesi siyaqli poeziya janri’ni’n` ha`r qi’yli’ problemalari’n sheshiwi menen qunli’. S.Axmetovti’n` «Adebiyat ha`m kritika», T.Ma`mbetniyazovti’n` «Qaraqalpaq sovet lirikasi’», «Poeziya-turmi’s, gu`res ha`m talpiniw», K.Xudaybergenovti’n` «Da`wir ha`m pari’z», Q.Sultanovti’n` «Zamanlas jani’m menen», «Shayi’r joli’» miynetlerinde shayi’rlardi’n` do`retiwshilik joli’, shi’g`armalari’ tutasi’ menen u`yrenilip, ko`rkem obraz jasaw sheberlikleri arnawli’ izertleniwi menen birge, poeziyali’q shi’g`armalarg`a si’n ko`zqarasi’nan baha beriw protsesi bayqaladi’. Qaraqalpaq a`debiyati’nda lirikani’n` ko`rkem formalari’ jo`ninde

Q.Worazi’mbetovti’n` «Ha`zirgi qaraqalpaq lirikasi’nda ko`rkem formalardi’n` evolyutsiyasi’ ha`m tipologiyasi’» monografiyasi’n da wo`tken a`sirdin` son`g`i’ woti’z ji’lli’q da`wirindegi do`retilgen poeziyali’q shi’g`armalardi’ janrli’q, formali’q jaqtan u`yreniw bari’si’ndag`i’ a`hmiyetli izertlew si’pati’nda bahalaw mu`mkin.

Wo`tken a`sirdin` 80-90-ji’llari’ndag`i’ qaraqalpaq poeziyasi’ndag`i’ tiykarg`i’ si’patlardi’n` biri buri’nnan kiyati’rg`an xalq’i’mi’zdi’n` da`stu`rleri, qa`diriyatlari’n wo`zinde ja`mlegen, milliy si’patlardi’ rawajlandi’rg`an poeziya u`lgileri payda boldi’, di’daktikali’q poeziyani’n` klassikali’q u`lgisi ja`miyettegi sha`rayatlar menen qari’si’p, jan`asha mazmun ha`m formada do`retile basladi’. A`sirese, publitsistikali’q lirika bul da`wir qaraqalpaq poeziyasi’nda jetekshilik yetti.  Sebebi, insan woy-pikirin, ishki keshirmelerin sezimler boyawi’nda jetkerip beretug`i’n so`z wo`nerinin` ayri’qsha tu`ri poeziya bir waqi’tti’n` wo`zinde insang`a du`n`ya, wo`zin qorshag`an wortali’q, insanni’n` wo`zi tuwrali’ mag`li’wmat deregi boli’wi’ menen birge, yekinshi ta`repten woni’n` sol du`n`yag`a, wo`zin qorshag`an wortali’qqa, wo`z-wo`zine degen mu`na`sibetin, ko`z qaraslari’n estetikali’q qa`driyatlar wo`lsheminde sa`wlelendirip beriwshi qa`siyetke iye. Poeziya insan sezimine tez ta`sir yetiwshiligi ha`m wo`z ideyasi’n insan sanasi’na teren` sin`dire ali’wshi’li’g`i’ menen de bul qa`siyetlerdi toli’qti’ri’p woti’radi’. Wo`tken a`sirdin` 80-90-ji’llari’ndag`i’ qaraqalpaq poeziyasi’na na`zer taslar yekenbiz, poeziyani’n` insan sezimine ta`sir yetip, woni’ ta`rbiyalap woti’ri’wday bas wazi’ypasi’ da, sonday-aq insan sezimlerine woni’n` (poeziyani’n`) ta`sir yetiw jollari’ni’n` teoriyali’q ta`replerin izertleytug`i’n poeziya ilimi de aytarli’qtay na`tiyjelerge yeristi. Soni’n` menen qatar poeziyami’zdag`i’ son`g`i’ da`wirde boli’p ati’rg`an wo`zgerisler, jan`ali’qlar poeziyami’zdi’n` ashi’lajaq si’patlari’nin`, izertlenetug`i’n ta`replerinin` yele de ko`p yekenliginen derek beredi.

## I. 2. J.Izbasqanov, K.Ka`rimov, S.Ibragimov, M.Berdiev poeziyasi’ni’n` wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri

Poeziya - bul wo`zinin` na`zikligi, ko`rkemligi, wo`tkirligi menen barli’q waqi’tta ko`rkem a`debiyatti’n` janrlari’ ishinde yen` ta`sirshen` janr boli’p keldi. A`sirese, qaraqalpaq xalq’i’ni’n` ruwxi’y wo`mirinde, du`n`yasi’nda tutatug`i’n worni’ joqari’ yekenligi dawsi’z. Poeziyani’n` ja`ne bir wo`zinsheligi a`debiyatti’n` basqa janrlari’na qarag`anda da a`debiyatti’n` basqa ja`miyettin` ruwxin wo`zine ko`birek sin`irip, woni’ ayqi’ni’raq sa`wlelendredi. Wondag`i’ boli’p ati’rg`an wo`zgerislerge tezirek u`n qosadi’.

Biz 80-90-ji’llardag`i’poeziyami’z haqqi’nda pikir ju`ritedi yekenbiz, woni’n` ko`rkemlilik bag`dari’n belgilewde qaraqalpaq poeziyasi’nda J.Izbasqanovti’n` do`retiwshilik iskerligi ayri’qsha toqtap wo`tiwdi talap yetedi.

Wo’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan xali’q shayi’ri’, Berdaq ati’ndag’i’ Ma’mleketlik si’yli’qti’n’ laureati’ J.Izbasqanov qaraqalpaq poeziyasi’nda wo`z worni’na iye shayi’rlardi’n` biri. Woni’n` jani’ sezgir, pikirleri wo`tkir, shayi’r, sonli’qtan, uli’wma insani’yli’q wortaq ma`seleler tuwrali’ ko`birek jazadi’. Belgili a`debiyatshi’ ali’m Q.Worazi’mbetov shayi’r do`retiwshiligi tuwrali’ bi’layi’nsha pikir bildiredi: «Jiyenbay Izbasqanovti’n` shayi’rli’g`i’ da sonda, wol wo`z shi’g`armasi’nda paydalanatug`i’n ha`r bir so`zdi ko`rkem so`zge, biz ku`ndelikli ko`rip ju`rgen, bi’raq yelestire bermeytug`i’n detallardi’, predmetlerdi a`debiy detalg`a aylandi’radi’. Shayi’r ha`r bir shi’g`armasi’na ko`rkem forma tan`lawg`a ayri’qsha itibar qaratadi’. Shayi’r ko`rkem so`z arqali’ ta`biyatti’n` ha`r bir ag`zasi’, mu`shesi menen sa`wbetlesedi, wolardi’ wo`z shi’g`armasi’ni’n` su`wretlew ob`ektine aylandi’radi’. Bunda shayi’r ta`biyat ko`rinislerinen, ta`biyattag`i’ quslar, haywanatlar du`n`yasi’nan go`zzalli’qti’, suli’wli’qti’ ko`rgisi keledi. Ko`rkem a`debiyatti’n` ku`shi de, wazi’ypasi’ da, a`ne, usi’nda. Shayi’rdi’n` «Shag`alalar» qosi’g`i’na na`zer awdarayi’q:

Tolqi’nlardi’n` to`sin aymalarday,

Jelpinesiz jazg`i’ suli’wlar,

To`mende suw yemes, ayna barday,

Serpilesiz nazli’ suli’wlar.

Taranasi’z ti’nbay taranasi’z,

Jarasi’mli’ sizlerdey ari’wg`a,

Al,  jag`ag`a qashan woralasi’z,

Ya barsi’zba ma`n`gi qali’wg`a?[3]

A`lbette, shayi’rdi’n` su`wretlewin, so`zin shag`alalar yesitpeydi, woni’n` sorawi’na juwap ta bermeydi. Bi’raq oqi’wshi’ bul go`zzal tuyg`i’lardan estetikali’q ta`sir aladi’. Iskusstvodan, ko`rkem a`debiyattan ra`ha`tleniw, dem ali’w, suli’w sezimlerge bo`leniw dep mine, usi’ni’ aytadi’. Qaraqalpaq xali’q da`stanlari’nda «bati’r uyqi’si’nan shashi’rap woyandi’» degen ibarani’n` isletiletug`i’ni’n bilemiz. Bunda shashi’rap woyani’w degen bizin` sanami’zg`a bati’rli’qti’n`, aybatli’li’qti’n` simvoli’ si’pati’nda sin`edi. Al, Jiyenbay Izbasqanov «Ko`rgenin`iz barma go`zzaldi’» dep baslanatug`i’n lirikasi’nda bul ibarag`a pu`tkilley basqasha wazi’ypa ju`kleydi.

Ko`rgenin`iz barma go`zzaldi’,

Tan` sa`ha`rde shashi’rap woyang`an,

Ushqi’nlani’p a`ne qozg`aldi’,

Suli’w emes, bir uwi’s a`rman!»[4]

A`debiyatshi’ ali’m Q.Worazi’mbetov tallap wo’tkenindey, shayi’rdi’n’ so’z saplawlari’ wo’zine ta’n. J.Izbasqanov lirikasi’nda peyzajli’q su`wretlew basqa

---

[3] Избасқанов Ж. Сайланды шығармалары, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1999, 44-б

[4] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004, 13-14-бб.

shayi’rlarg`a qaran`g`anda basi’mi’raq. Wol ta`biyat qubi’li’slari’n insani’y sezimlerdi beriw, lirikali’q qaharmanni’n` halati’n su`wretlew ushi’n paydalanadi’. Mi’sali’, «Ba`ha`r qosi’g`i’» qosi’g`i’nda to`mendegidey qatarlar bar:

Aq paraqqa dizilip ati’r,

Sher jan`bi’ri’ silpilep ati’r,

O, wo`tkinshi yemes bul ba`ha`r!

Jasli’g`i’mday ma`ha`lim go`zzal[5].

Woqi’wshi’ ha’m do`retiwshi’ni’ baylani’sti’ri’wshi’ ko’rkem tekst wo’zinin’ jetkerejaq ideyasi’ menen, ideyag’a ali’p bari’wshi’ temalar menen, ko’rkemligi menen baylani’sli’. Shayi’r shi’g’armasi’ arqali’ aytatajaq woy-pikirin poetikali’q boyawlar menen boyalg’an lirikali’q qaharman halati’ arqali’ jetkerip beredi.

J.Izbasqanov turmi’sti’ u’yreniwi, wo’mirge ha’m jasagan wortali’qqa bergen bahasi’, adamlar menen qari’m-qatnasi’q tiykarlari’, a’dep - ikramli’li’q , joqari’ adamgershilik si’patlari’n wo’zlestire ali’wi’ ha’m wolardi’ wo’zinin’ intellektual–ag’arti’wshi’li’q ko’z qaraslari’n, estetikali’q-subi’ektivlik woy pikirleri menen sintezlep bere ali’w na’tiyjesinde wo’zinin’ aytajaq ideyasi’n shi’g’armasi’nda sa’wlelendiredi.

Muhabbat temasi’ J.Izbasqanov poeziyasi’nda ayri’qsha na`ziklik penen ji’rlang`an temalardi’n` biri boldi’. Wol publitsistikali’q su`wretlew ha`m qurg`aq bayanlawshi’li’qtan insanni’n` ishki a`lemindegi ra`n`ba`ren` tuyg`i’lardi’ si’g`asti’ri’p su`wretlewshilerdin` da`slepki a`wladi’ yesaplang`an I.Yusupov,

---

[5] Избасқанов Ж. Өмирге қуштарлық., Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987, 26 -бет

T.Ma`tmuratov, X.Turi'mbetovlardi'n` dawamshisi si'pati'nda insandag`i' yen` a`jayi'p tuyg`i' – muhabbat temasi'n sezimler na`zikliginde tu`rlendirgen shayi'rlardi'n` biri boli'p tabi'ladi'. Woni'n` muhabbat haqqi'ndag`i' li'rikalari'nda lirikali'q qaharmanni'n` ishqi' sezimleri insan qa`lbinin` tu`pkir-tu`pkirindegi na`zik sezimlerinin` tawlani'wlari' ko`rinisinde su`wretlenedi. Mi'sali':

Qalay wo`tken ji'llari'm sensiz?..

Bilmedim?!..

Qalay wo`tti, a`ziyzim, mensiz

Ku`nlerin`?

Qi'yali'mda bar yedin` ko`pten,

An`sadi'm…

Muhabbatsi'z, biypa`rwa wo`tken

Qansha ji'l?!... [6]

80-ji'llari' usi'nday xarakterdegi shi'g`armalari' menen qaraqalpaq lirikasi'nda belgili iz qaldi'rg`an shayi'rlardan biri Ken`esbay Kari'mov yedi.

Qaraqalpaqstan xali'q jazi'wshi'si' K.Kari'mov 1948-ji'li' Shi'mbay rayoni' Shi'mbay sovxozi'nda du`n`yag`a kelgen. Wol wo`z miynet joli'n «Sovet Qaraqalpaqstani'» gazetasi'nda (ha`zirgi «Erkin Qaraqalpaqstan») xabarshi' boli'wdan baslag`an. Keyin «Jas Leninshi» (ha`zirgi «Qaraqalpaqstan jaslari'») gazetasi'nda, «Qaraqalpaqstan» baspasi'nda, televidenie ha`m radio yesittiriw komitetinde, «A`miwda`r`ya» jurnali'nda ha`r qi'yli' lawazi'mlarda isleydi. 1983-ji'ldan Jazi'wshi'lar awqami'ni'n` ag`zasi'. Ha'zirgi waqi'tta Wo'zbekstan Oliy Ma'jilisinin' senatori', Qaraqalpaqstan Jazi'wshi'lar awqami'ni'n` basli'gi'.

---

[6] Избасқанов Ж. Өмирге куштарлық., Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987, 51-52-бб.

Shayi’rdi’n` da`slepki qosi’qlari’ 60-ji’llardi’n` wortalari’nda ja`riyalana baslaydi’. Oni’n` «Arali’qlar», «Waqi’t mi’narasi’», «Menin` terezelerim», «Araldan keldim», «Ko`n`ilim mu`lki» atli’ qosi’qlar toplami’, ja`ha`n klassik shayi’rlari’nan awdarmalari’ basi’li’p shi’qti’. Shayi’rdi’n` tun`g`i’sh kitabi’ jo`ninde jazi’lg`an J. Xoshniyazovti’n` «Merwert shi’qlar»[7] atli’ kritikali’q maqalasi’nda shayi’r shi’g`armalari’ni’n` estetikali’q bahali’li’g`i’, wolardi’n` bizin` turmi’si’mi’z ushi’n a`hmiyeti, shayi’rdi’n` wo`siw ha`m a`debiyatqa keliw jollari’, sol toplamni’n` uli’wma a`debiy protsesstegi, jazi’wshi’ do`retiwshiligindegi tutatug`i’n worni’, ko`rkem a`debiy da`stu`rlerge qatnasi’ ha`m basli’ jan`ali’qlari’ ha`m wo`zgeshelikleri qi’sqa, i’qsham tu`rde ayti’p wo`tiledi.

Sonday-aq, Q.Worazi’mbetov «Ha`zirgi qaraqalpaq lirikasi’ nda ko`rkem formani’n` evolyutsiyasi’ha`m tipologiyasi’» monografiyasi’nda da K.Kari’mov lirikasi’ ndag`i’ ko`rkem forma, pikirdi beriw usi’llari’n ken` tu`rde anali’zleydi ha`m wolardag`i’ intellektualli’q pikirlewdi shayi’r shi’g`armasi’ni’n` wo`zgesheliklerinen biri si’pati’nda qaraydi’.

Duri’si’nda da, K.Kari’mov a`debiyat maydani’na wo`z soqpag`i’ menen kirip kelgen shayi’r. Woni’n` poeziyasi’ janrli’q jaqtan ra`n`ba`ren`. Shayi’rdi’n` ko`rkemlik, stillik izlenisleri qosi’qqa tema tan`lawda, mazmung`a say ko`rkem forma tabi’wda, syujet quri’wda ha`m tag`i’ basqa da shi’g`arma komponentlerinde ani’q ko`zge taslanadi’.

Sonday-aq, shayi’r poeziyali’q do`retpeleri menen birlikte bir qatar poemalar da jazg`an. Ma`selen, «A`sirge barabar bir zaman» poemasi’nda ekinshi jer ju`zilik uri’s tragediyasi’ ayri’qsha su`wretlense, «Jigarmalanshi’ a`sir sazasi’» nda bolsa bu`gingi wo`mir, insan balasi’ni’n` bul jan`ali’qlarg’a toli’ a`sirge qalay jasap ati’rg`ani’ haqqi’nda tolg`anadi’. «Muhabbat qi’ssasi’» poemasi’nda yeki jasti’n`

---

[7] «Жас Ленинши» //19-май. 1982-жыл.

qosi’la almay ketken, bir-birine bolg`an muhabbati’ ma`selesi ayani’shli’ ko’riniste su`wretlenedi.

Soni’n` menen birge shayi’rdi’n` Watan haqqi’nda do`retken poemasi’ da ju`da` sa`tli shi’qqan. Shi’ni’nda da Watani’ bar adamni’n` maqtani’sh sezimi joqari’, maqset mu`dda`a`si’ ani’q bolari’ so`zsiz. Tawday tayani’shi’, Watani’ barli’g`i’n sezgen insan turmi’sti’n` ha`r qanday si’naqlari’na tayi’n turadi’.

Shayi’rdi’n` «Bawri’ ken` du`n`ya», «A`yledi», «Da`wrani’n` wo`ter» qosi’qlari’ ideya-temati’kali’q jaqtan Maqtumquli’ shi’g`armalari’ menen u`nlesedi. Ma`selen, Maqtumquli’ shi’g`armalari’nda yel-xali’q, Watan, zaman haqqi’ndag`i’ temalar shayi’rdi’n` ishki tolg`ani’s sezimlerinde, Watan ta`g`dirine qi’ynali’w ruwxi’nda beriledi. Woni’n` «Reyxan a`yledi», «Na`yleyin», «Zaman bolmadi’» si’yaqli’ qosi’qlari’ bul pikirimizge da’lil boladi’.

Al, shayi’r K.Kari’movti’n` «Bawri’ ken` du`n`ya» qosi’g`i’nda bolsa, du`n`yani’n` ken`ligi, wonda kimler wo`tpegen, qullasi’ adamzat na`sili baslang`an Adam Ata, Hawa Ene a’wladlari’nan ne bir bati’rlar, payg`ambarlar, jer ju`zin jawlap alg`an patshalar du’nyag’a kelgen, biraq wolarda bul a’lemnen a’rmanli’ wo`tken degen mazmun jetekshilik yetedi. Bi’raq, ha`mmesi de a`rmanli’ wo`tti:

Kimlerdi a`yledin` shiyrin zibanli’,

Kimler su`rdi bunda da`wri-dawrandi’,

Ba`ri wo`tti ko`kirek toli’ a`rmanli’,

Wolardan ha`m keshtin` bawri’ ken` du`n`ya[8].

Sonday-aq, publitsistikali’q si’patqa iye «Qaytar», «Keler», «Tabi’lmas» qosi’qlari’ da klassikali’q u`lgide jazi’lg`an.

«Qaraqalpaq shayi’rlari’ni’n` bir qatar qosi’qlari’nda ocherkizmnen ti’sqari’ ko`rkem publitsistikali’q woy-pikirler beriledi. Shayi’rlar turmi’sti’n` ha`r qi’yli’

[8] Каримов К. Көңилим мүлки. Нөкис, «Билим», 2005, 17-бет

tarawlari’, adamni’n` ja`miyettegi worni’, woni’n` ta`g`diri haqqi’nda wo`z qosi’qlari’nda woy-pikirler ju`ritedi. A`lbette, adamni’n` jeke ta`g`diri, jeke baxi’ti’ shayi’rlardi’ mudami’ woylandi’ri’p kelgen wo`tkir ma`selelerden»[9]-dep jazadi’ Q.Ja`rimbetov XIX a`sirdegi klassik shayi’rlardi’n` shi’g`armalari’n mazmunli’q jaqtan tallay woti’ri’p. Usi’nday mazmung`a quri’lg`an qosi’qlar K.Kari’movti’n` poeziyasi’nda ko`plep ushi’rasadi’.

Sonday-aq, shayi’rdi’n` wo`mir filosofiyasi’ haqqi’nda ko`z qaraslari’, bahalawlari’ ani’q bayqalatug’i’n lirikalari’ haqqi’nda da usi’ pikirdi ayti’w mu’mkin. Mi’sali’, mi’na ba`ntke itibar bereyik:

Da`wlet qonsa yer jigittin` basi’na,

Yel ji’yi’li’p keler woni’n` qasi’na,

Su`rnikse bir ku`ni ta`g`dir tasi’na,

Su`yeytug`i’n yaqshi-yaman tabi’lmas[10].

Adamni’n` baxti’ tuwrali’ jazi’lg`an qosi’q qatarlari’ klassik shayi’rlar Maqtumquli, Berdaq shayi’rlardi’n` pikirleri menen u`nles.

«Wo`mirinin` arbasi’ igri jollardan» degen qosi’g`i’ da publitsistikali’q si’patqa iye. Da`wirdin`, wo`mirdin` ta`shwishleri, millet, yel, xali’q, Watan ta`g`diri haqqi’ndag`i’qaharman tolg`ani’slari’ woqi’wshi’g`a woy saladi’:

Araldan i’srapi’l jelleri yeser,

Talay a`rmanlardi’n` qanati’n keser,

Bi’razlar: wo`zge jurt izlesek deser,

---

[9] Жәримбетов Қ., XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, «Билим», 2004.

[10] Каримов К. Көңилим мүлки. Нөкис, «Билим», 2005. - 86-бет

Qaraqalpaqstan wo`zge Watan tabi’lmas.

Qosi’qta 80-ji’llarda xalq’i’mi’zdi’n` turmi’si’nda awi’r jag`daydi’ payda yetken Aral suwi’ni’n` tarti’li’p ketiwine baylani’sli’ ekologiyali’q ma`sele ko`teriliwi menen birge, adamni’n` insani’yli’q pazi’yletleri de, filosofiyali’q pikirleri de wo`z sa`wlesin tapqan:

A`zelden i’layi’ solay qari’lg`an,

Bul du`n`ya ga`hi ken`, ga`hi tari’lg`an,

Tandi’r yan`li tum-tusi’nan jari’lg`an,

Qayta jaratpaqqa gu`lal tabi’lmas[11].

Shayi’rdi’n` poeziyasi’ni’n` tiykarg`i’ wo`zgesheliklerinen yesaplang`an «intellektualli’q» pikirlewler shayi’r shi’g`armalari’ni’n` wo`zinsheligin belgileydi. Mi’sali’:

Plastik qaltag`a sali’ng`an pi’yaz,

Quyash nuri’n urlap a`ynekten tu`sken,

Shashaq shi’g`armaqta ku`nlep, saatlap.

Insanni’n` wo`mirge umti’lg`ani’nday,

Yessiz kletchatka sanasi’z, tilsiz,

Nurg`a ha`lsiz jasi’l qollari’n sozi’p,

U`nsiz talpi’nbaqta ha`r ma`writ.

---

[11] Каримов К. Көңилим мүлки. Нөкис, «Билим», 2005. – 34-35-бетлер

Qosi’qta pi’yaz tirishiliktin` simvoli’ si’pati’nda beriledi. Shayi’r bul ushi’n pi’yazdi’ tan`lag`an. Sebebi, pi’yaz azg`ana ji’lli’li’qtan da wo`nip ketedi, tirishilikke umti’ladi’. Bul jag`i’nan wondag`i’ oyani’w ma`writi insanni’n` wo`mirdegi umti’li’si’n, ha`reketin an`latadi’. Insan qanday jag`dayda jasasa da alg`a umti’la beredi, jigerin joytpaydi’, wonda erk ku`shli. Shayi’r insanni’n` yerkli, jigerli, u`mitli ha`reketlerin «nurg`a» talpi’ni’wi’n ha`lsiz jasi’l qollari’n sozip «o`mirge talping`an» pi’yaz obrazi’ arqali’ metaforali’q usi’lda sheber beredi. Pikir ag`i’mi’ni’n` rawajlani’w bag`i’ti’n poli’fani’k obrazlar, pikirdi jetkeriwdi qatnasli’, bi’raq pikirlewdin` si’rtqi’ ko`rinisine wonshelli qatnasli’ bolmag`an detallar belgileydi. Bul intelektualli’q poeziyani’n` shayi’r tarepinen jarati’lg`an ayri’qsha formasi’ boli’p tabi’ladi’.

Uli’wmalasti’ri’p aytqanda, K.Kari’movti’n` wo`tken a`sirdin` 80-90-ji’llari’nda jazi’lg`an qosi’qlari’na temati’kali’q ha`rqi’yli’li’q ta`n. Wolarda sol da`wirdin` problemalari’ ko`terilgen. Lirikali’q qosi’qlarda publitsistikali’q si’pat penen lirizm qari’sip ketken ha`m wo`zinin` estetikali’q ta`sirin ku`sheytken. Shayi’rdi’n` pikirleri filosofiyali’q teren`ligi, awi’spali’ obrazli’ ma`nige simvoli’kali’q xarakterge iye boli’wi’ menen qosi’qti’n` ko`rkemliligin artti’radi’. Bulardi’n` barli’g`i’ da shayi’rdi’n` talanti’ni’n`, mashaqatli’ izlenislerinin` jemisi.

Poeziya subekttin’ qorshag’an wortali’qqa qatnasi’n keshirmeler arqali‘ bildiriwge xi’zmet yetedi  ha’m bunda lirikali’q qaharman ja’rdemge keledi. Usi’ lirikali’q qaharmanni’n’ woylari’n jetkeriwde shayi’rlar bir qatar usi’llardan paydalanadi’. Shayi’r S.Ibragimov ta poeziya a’leminde lirika ushi’n za’ru’r bolg’an lirikali’q qaharmandi’ jarati’wdi’n’ bir qansha usi’llari’n qollanadi’. Bul shayi’rdi’n’ wo’zine ta’n stilinin’ qa’liplesiwine tu’rtki bolg’an.

Ha`r ku`ni ulli’ isler menen g`ana mashg`ul boli’wg`a

jerdin` u`stindegi tirishligimiz imkani’yat bere

bermeydi, keshirersiz,

qoli’mi’zdan da kelin`kirey bermeydi.

Jerdin` u`stinde isenimlirek jayg`asi’p ali’wg`a

ketedi wo`mirimizdin` bir bo`legi,

wo`zlerimiz du`zgen mayda-shu`yde ma`selelerdi

sheshiwge ketedi

wo`mirimizdin` bir bo`legi,

jerdin` betindegi tirishligimizdin` nasaz

ta`replerin jen`iwge

ketedi wo`mirimizdin` bir bo`legi…[12]

Keltirilgen qatarlarda wo`tkir, turmi’sli’q ja`miyetlik woylar ja`mlengen, wondag`i’ shayi’rdi’n` poetikali’q pikirleri teren`, wol adamni’n` du`n`yadag`i’ barli’q na`rselerden de ulli’ yekenligin, wondag`i’ sabi’r-taqat, aqi’l-parasatli’qti’, lekin insanni’n‘ ko’p islerde nailajli’g’i’n a`piwayi’ qatarlar menen-aq, woqi’wshi’larg`a sali’sti’ri’wlar arqali’ jetkerip tur. Woylani’p qarasan` shi’ni’nda da wo`mirinde boli’p ati’rg`an islerge biypa`rwa ha`m maqsetsiz jasap ati’rg`an adamlar ja`miyetimizde barshili’q. Shayi’r usi’nday turmi’sli’q waqi’yalar tuwrali’ joqari’dag`i’day poetikali’q juwmaqlar shi’g`aradi’.

A`debiyatshi Q.Worazi’mbetov shayi’r poeziyasi’ni’n` wo`zine ta`n wo`zgesheligi si’pati’nda woni’n` pikirdi jetkerip beriwdegi quramali’ filosofiyali’q pikirlewlerinin` beriliwin aytadi’: «S.Ibragimovti’n` poeziyasi’ni’n` en` bir xarakterli tamani’ wol adamlardi’n` qabi’llawi ushi’n wog`ada quramali’ boli’wi’ menen birge qosi’qlari’ni’n` sintaksislik qurami’ tu`p-tami’ri’nan

---

[12] Ибрагимов С. Бесинши мәўсим. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986. – 58-бет.

wo`zgeshelenip turadi’. Biz klassikali’q formada jazi’lg`an qosi’qlardi’n` ha`r bir qatari’ bas ha`ripten baslanatug`i’ni’na ko`nligip qalsaq, S. Ibragimovti’n` qosi’qlari’nda noqat prozali’q shi’g`armalardag`i’day belgili bir logikali’q woydi’ bildiretug`i’n so`zler dizbeginen son` qoyi’ladi’. Yag`ni’y wonda bas ha`rip qatardi’n` basi’nda yemes, woni’n` wortasi’nda da qoyi’la beredi. Bul na`rse i’rg`aq, ba`nt si’yaqli’ qosi’qti’n` sirtqi’ formasi’na ta`sir yetiw menen birge, ishki mazmundi jetkeriw formasi’na da joqari’da ko`rip wo`tkenimizdey ta`sir jasaydi’. Sebebi, bul a`dettegidey inversiyali’q qubi’li’s yemes. Shayi’r yerkin qosi’qti’n` ishki ha`m sirtqi’ ni’zamli’qlari’nan toli’q xabardar halda qosi’qqa qatnasi’ joq zi‘yat bir de so`z isletpeydi. Ha`r bir so`zden wo`nimli paydlanadi’.»[13]

S.Ibragimovti’n` poeziyasi’ du’nyali’q qubi’li’slarg’a, ja’miyetlik wortali’qqa filosofiyali’q ha’m di’daktikali’q ko’zqaraslari’n beriw sheberligi menen bahali’. Wol usi’ ideyalardi’n’ beriliwinde stilistikali’q figuralardan wo’nimli paydalanadi’ ha`m wolar avtor ideyasi’ni’n’ wo’tkirliginin’ ku’sheyiwinde, sonday-aq ko’rkemliktin’, emocional ta’sirshen’liktin’ ta’miyinleniwinde wo’zgeshe bir usi’l si’pati’nda ko’rinedi. Bul bolsa S. Ibragimovqa ta’n bolg’an keskin pikirlilikti, qaysarli’qti’ ju’zege shi’g’aradi’. «Waqi’t ha`m ken`islik» qosi’g`i’na itibar bereyik:

Barli’q yesiklerdi sag`an

Ashaman, ba`ha`r.

La`mgershilik.

Jiyde ag`ashi’ni’n` qabi’g`i’

Isinedi bunnan zi’yat

izg`ardi’ sin`dire almay[14].

---

[13] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004.– 15-бет
[14] Ибрагимов С. Бесинши мәўсим. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986. – 3-бет.

Shuwmaqta ta’biyat penen wo’z si’rlari’n bo’lisken shayi’rdi’n’ ta’biyati’ so’z yetiledi. So’zdin’ belgili bir shegarag’a qamali’wi’, ideyalardi’n’ shekleniwi haqi’yqi’y shayi’rdi’n’ ta’biyati’na say yemes. Woy-pikir, ideya, so’z hesh qashan shek-shegara bilmewi kerek, bari’nsha shi’g’ari’li’wi’ kerek. Du’nya ti’ni’msi’z ag’i’s bolatug’i’n bolsa, sen wonnan da ku’shlirek bol. Du’nyali’q qubi’li’slar geyde wo’z-o’zine si’ymay tan’ qalarli’q ha’diyseler menen insanlarg’a sabaq beredi. Al, shayi’r debdiwlerinin’ aldi’nda wolar hesh na’rse yemes. Sen jani’ wo’rt boli’p turg’an debdiwlerin’ menen du’nyali’q shen’berge si’ymaysan’. Senin’ woy-qi’yali’n’ sheksizlikke giripdar, senin’ ju’rek sherlerin’ kosmos ken’isliginen de teren’ge bara aladi’. Mine, usi’ ideyalardi’n’ beriliwinde shayi’r da`stu`riy to`rt qatarli ba`ntlik u`lgige siydi’ra almag`an pikirlerin yerkin qosi’q u`lgisinde beredi. Woy-pikirdi beriwde shayi’rdi’n` yerkin qosi’qlarg`a mu`ra`ja`t yetiwi woni’n` poeziyasi’ni’n` tiykarg`i’ wo`zgesheligi boli’p tabi’ladi’.

Woy-pikirdi jetkeriwdin`, poetikali’q obrazdi’ sa`wlelendiriwdin` tu`rli formalari’ bar. Shayi’r woni’ tuwri’ ma`nisinde jetkeriwi de mu`mkin, al, ayri’m bunday qi’li’p jetkeriwge mu`mkinshilik bolmag`an jag`dayda ti’msalli’q, allegoriyali’q usi’l menen-aq jetkerip poetikali’q obrazdi’n` poli’fani’k ma`nislerin keltirip shigaradi’. A`sirese, bul usi’llar a’debiyati’mi’zda 70-80-ji’llari’ shayi’rlari’mi’z ta`repinen ayri’qsha rawajlandi’ri’ldi’. Pikirdi simvoli’kali’q, allegoriyali’q usilg`a quri’wdin` sheberi yesaplang`an M.Berdiev lirikasi’ usi ta`repi menen wo`zgeshelenedi. Woni’n` «Ko`kjal», «Kegey tal», «Pari’z» ha`m t.b. lirikalari’ woy-pikirdi beriwdin` allegoriyali’q-simvoli’kali’q usi’li’nda jazi’lg`an. Mi’sali’:

Woni’ bir ku`n iytler taladi’,

Qalay aman qaldi’? – Hayran wol,

A`sirese, bir bo`ribasardi’,

«O, zan`g`ar!» dep yele woylar wol.[15]

Shayi'r lirikali'q qaharmanni'n` wo`mirdegi wo`zi menen zamanlas adamlardan ku`tpegende ko`rgen qasti'yanli'g`i'n su`wretlew ushi'n lirikali'q qaharmandi' allegoriyali'q usi'lda - ko`kjal metaforasi'n, wog`an zi'yani'n tiygizgen kimselerdi –iyt metaforasi'n qollanadi'. Bunday formadag`i' qosi'qlardi' shayi'r poeziyasi'nda ko`plep ushi'rati'w mu`mkin.

Pikirdi jetkeriwdi joqari'dag`i' formag`a sali'sti'rg`anda da metoforali'q obraz jasaw quramali'raq. Mine, usi' formada qosi'q do`retiwde Sh. Seytov, K. Kari'mov, M. Berdievler a`dewir wo`nimli isledi. Simvolli'q obraz jarati'w shayi'rlardi'n` wo`z pikirin jetkeriwde jan`a forma payi'tinda ju`zege keledi. Bunday shi'g`armalarda simvolli'q obrazdi' yamasa woni' payda yetiwshi predmetti, wonnan kelip shi'g`atug`i'n ma`nis penen almasti'ri'wg`a bolmaydi'. Simvolli'q obrazlardi'n` si'rtqi' formasi' menen ishki ma`nisin bo`lip ali'p qarawg`a da bolmaydi'.

Biz joqari'da so`z yetken shayi'rlardi'n` 80-90-ji'llardag`i' do`retpelerin analizge tarta woti'ri'p, wolardi'n` ha`r biri wo`zine ta`n shayi'rli'q hawazg`a, wo`z joli'na iye yekenliginin` gu`wasi boldi'q. Woy –pikirdi jetkerip beriwde ha`r biri wo`zine ta`n stilde bir qansha tabi'slarg`a yerisken shayi'rlari'mi'zdi'n` poeziyasi', lirikali'q qaharman obrazi'n jasawdag`i' wo`zgeshelikleri qaraqalpaq poeziyasi'ni'n` XX a`sirdin` son`g`i' jigirma ji'lli'g`i'ndag`i' wo`zine ta`n rawajlani'w basqi'shi'nda a`hmiyetli wori'ng`a iye.

---

[15] Бердиев М. Жаңғырық. Нөкис, «Билим», 1994. – 7-8-бб.

## II bap. 1980-90-ji’llar qaraqalpaq poeziyasi’nda lirikali’q qaharman obrazi’

### II. 1. Lirikali’q sub`ekt ha`m lirikali’q ob`ektke teoriyali’q si’patlama

A`debiyattani’w iliminde lirikali’q ob`ekt ha`m lirikali’q sub`ekt atamalari’ ushi’rasadi’. Biz wolarg`a teoriyali’q ani’qli’q kirgizbesten aldi’n «shayi’r» tu`sinigi menen shatasi’p tu`sinilip ju`rgen «lirikali’q qaharman» atamasi’na toqtap wo`tpekshimiz.

Lirika – insanni’n` ishki du`n`yasi’n ko`rkem so`z wo`nerinde ashi’p beriw za`ru`rliginen tuwi’lg`an a`debiy tu`r ekenligi ma`lim. Lirika wo`zi a`zelde a`yyemgi greklerdin` li’ra dep ataltug`i’n tarli saz a`sbabi’ ati’nan kelip shi’qqan atama. Ari’stotel` zamani’nan baslap bul atama ishki sezimlerdi, tuyg`i’lardi’ beretug`i’n ko`rkem shi’g`armalardi’n` atamasi’ si’pati’nda qollani’ladi’. Greklerden bul atamani’ rimliler wo`zlestirgen ha`m wolardan Evropa yellerine tarag`an.

Bizde bul termin XX a`sirde qollani’la basladi’. Lirika si’rtqi’ du`n`yani’ sa`wlelendiriw talaplari’, ta`rtipleri boyi’nsha epos penen dramadan sarras aj’i’rali’p turadi’. Lirika a`debiyatti’n` wo`z aldi’na bir tu`ri si’pati’nda si’rtqi’ du`n`yani’ sa`wlelendiriw talaplari’, ta`rtipleri boyi’nsha epika ha`m daramadan pu`tkilley wo`zgeshelenedi. Yegerde proza ha`m dramada waqi’yalardi’ bayanlaw ha`m qaharmanlardi’n` is-ha`reketlerin usi’ waqi’yalarg`a, sha`rayatlarg`a baylani’sti’ri’p ko`rsetiw tiykarg`i’ wori’nda tursa, lirikada waqi’yalar bayanlap berilmeydi. «Lirika si’rtqi’ wortali’qti’n` ta`sirinen payda bolg`an quwani’sh, su`yinish, qayg`i’-ha`siret, ko`terin`kilik h.t.b. sezimlerdi, tuyg`i’lardi’, ishki keshirmelerdi, ruwxi’y halatlardi’, woy-pikirlerdi emotsional` qi’zg`i’nli (tolqi’nlang`an) so`zler arqali’ beredi. . . . Lirikali’q shi’g`armalarda tiykari’nan shayi’rdi’n` wo`zinin` ishki keshirmeleri beriledi, sonli’qtan ko`pshilik jag`dayda

shayi’rdi lirikali’q qaharman si’pati’nda qabi’l aladi’, yag`ni’y shayi’r menen lirikali’q qaharmandi’ qosi’p tu`sinedi. Bi’raq lirikada berilgen sezimlerdi tek shayi’rdi’n` jeke turmi’si’nan ali’ng`an dep tu`sine beriwge bolmaydi’. Shayi’r wo`zinen basqani’n` da ishki ruwxi’y jag`daylari’na kire ali’w uqi’bi’na ha`m lirikali’q-«men» arqali’ ko`p adamlardi’n` ishki sezimlerin, da`rtlerin bere aladi’»[16]. Mine, lirikani’n` basli’ qa`siyetleri usi’nnan ibarat.

Lirikali’q shi’g`armalarda su`yinish-ku`yinishleri, ishki keshirmeleri, arzi’w-a`rmanlari’ sa`wlelengen insan obrazi’ teoriyali’q a`debiyatlarda «lirikali’q qaharman» termini menen ju`ritiledi.

Ko`pshilik jag`dayda a`debiyattani’w iliminde lirikali’q qaharman degende «avtordin` so`zi» tu`siniledi. Izertlewshiler bul jag`daydi’ tu`rlishe tu`sindiredi: Ma`selen, wo`zbek a`debiyatshisi Izzat Sultan bul haqqi’nda bi’lay jazadi’: «Lirikani’n` mazmuni yeki ta`repinen ani’q ra`wishte avtobiografiyali’q xarakterge iye. Birinshiden, lirikali’q shi’g`armag`a shayi’rdi’n` wo`z basi’nan wo`tken bir waqi’ya woni’n` qi’yali’na kelgen bir ayri’qsha a`hmiyetli pikir ya oni’n` jeke wo`zin la`rzege salg`an bir sezim mazmun beriwi mu`mkin. Yekinshiden, shayi’r wo`zinin` basi’nan wo`tpegen bir waqi’yani’ yaki jeke wo`zi sezinbegen bir sezimdi sa`wlelendirgende de, wol waqi’ya ha`m sezimlerdi wo`zi ko`rgen, bilgen sezgendey sezimge berilmese, sol halatqa wo`zin sala bilmese woni’n` sezimi haqi’yqi’y bola almaydi’, woqi’wshi’g`a ta`sir yetpeydi»[17].

Qaraqalpaq a`debiyati’nda lirikali’q qaharman jarati’w ma`selesin izertlegen K.Xudaybergenov ta bul pikirdi quwatlaydi’. Yag`niy, woni’n` pikirinshe «Hesh

---

[16] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги.-Н. «Билим», 1994,114-б.

[17] Иззат Султан. Адабиет назарияси. Тошкент, «Фан», 1980, 253-б.

bir shayi’r da, turmi’sta bolmag`an ideyani’ woylap tappaydi’, al turmi’sli’q ideyani’ sezimler arqali’ beredi.»[18]

Lirikali’q shi’g`armada tiykari’nan shayi’r ishki keshirmeler, tuyg`i’lar arqali’ «so`yleydi», sonli’qtan ko`pshilik jag`dayda shayi’rdi lirikali’q qaharman si’pati’nda qabi’l aladi’, yag`ni’y shayi’r menen lirikali’q qaharmandi’ bir qosi’p tu`sinedi. Bi’raq lirikada berilgen sezimlerdi tek shayi’rdi’n` wo`z basi’nan keshirgenleri dep tu`sine beriwge bolmaydi’. Shayi’r wo`zinen basqani’n` da ishki ruwxi’y halatlari’na kire ali’w uqi’bi menen ha`m lirikali’q "meni" arqali’ ko`p g`ana adamlardi’n`, ma`selen, wo`z zamanlaslari’nin`, qorshag`an wortali’qtag`i’ janli’ ha`m jansi’z na`rselerdin`, wo`tken da`wir menen keleshektegi insanlardi’n` keshirmelerine sayaxat jasay aladi’, tap wo`z basi’nan keshirgen si’yaqli’ ishki woy-sezimlerin bere aladi’, sa`wlelendiredi.

A`debiyatshi’ ali’mlar shayi’rdi’n` ruwxi’y du`n`yasi’ woni’n` shi’g`armalari’nda sa`wlelenetug`i’nli’g`i’n atap ko`rsetedi. Bi’raq soni’ da aytiw kerek, ha`r qanday shayi’r yemes, tek talantli’ shayi’r g`ana wo`zi haqqi’nda aytqanda pu`tkil xali’q yaki adamzat ati’nan so`z ayta aladi’. Al u`lken talantqa iye bolmag`an shayi’rlar tek wo`zlerinin` jekke qayg`i’-quwani’shlari’ menen sheklenip qaladi’. Woqi’wshi’ni’ kim bolsa soni’n` ishki du`n`yasi’, wo`zligi qi’zi’qti’rmaydi’, tek g`ana ruwxi’y du`n`yasi’ bay shaxstin` woy-sezimleri g`ana woni’n` kewline qozg`aw sala aladi’.

A`debiyatti’n` barli’q janrlari’nda avtor turmi’sli’q materialdi’ wo`z ju`regi arqali’ o`tkeriwi, wo`zinin` jan sezimi menen suwg`ari’wi sha`rt. Bul lirikag`a da ta`n boli’p, wonda shayi’rdi’n` ruwxi’y du`n`yasi’ni’n` bayli’g`i’, fantazi’yasi’, joqari’ adamgershilik sezimleri epikali’q shi’g`armalardag`i’day basqa personajlar

---

[18] Худайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. - Нөкис, "Қарақалпақстан", 1987.-28-бет

arqali’ yemes, al shayi’rdi’n` lirikali’q "meni" arqali’ beriledi. Mine, soni’n` ushi’n shayi’r lirikada wo`zinin` woy-sezimlerin ken` ra`wishte sa`wlelendiredi.

Biz XX a`sirdin` 80-90-ji’llari’ndag`i’ qaraqalpaq poeziyasi’ndag`i’ li’rikali’q qaharman ma`selesin usi’ teoriyali’q negizde ali’p qaraymiz ha`m wog`an talq’i beriwge ha`reket yetemiz.

«Lirikali’q qaharman - bul lirikali’q poeziyada su`yinish-ku`yinishleri, ishki keshirmeleri, arzi’w-a`rmanlari’ sa`wlelengen adam obrazi’»[19],— dep talq’iyin beriledi bizin` izertlew ob`ektimizge a`debiyatshi ali’mlari’mi’z ta`repinen.

«Tiykarg`i’ ga`p - lirikali’q qaharmanni’n` woy-sezimlerinin` juwmaqlasqan boli’wi’nda, basqalarg`a da ta`sir jasarli’q da`rejede teren` ha`m ko`rkem beriliwinde, joqari’ adamgershilik ideyalari’n tastiyi’qlay ali’wi’nda boli’p yesaplanadi’,— dep jazg`an yedi wo`tken a`sirdin` yekinshi yari’mindag`i’ poeziyami’zdag`i’ lirikali’q qaharman ma`selesin izertlegen ali’m K.Xudaybergenov. - Bul wori’nda lirikada ob`ektiv haqi’yqatli’qti’n` sa`wleleniwi menen shayi’rdi’n` shaxsiy woy-sezimlerinin` beriliwi ma`selesin aralastirip jibermew kerek. Bular birin-biri biykarlaytug`i’n yaki biri-birine qarama-qarsi’ keletug`i’n ma`sele yemes, al bir-birin toli’qti’ratug`i’n, wo`zara birigip ketetug`i’n ma`seleler boli’p tabi’ladi’.

Ha`r qanday shi’g`armada da shayi’rdi’n` shaxsiy, woy-sezimleri beriledi ha`m bul ob`ektiv haqi’yqatli’qti’ ko`rkem shi’g`armada toli’q sa`wlelendiriwge xi’zmet yetiw formasi’ yesaplanadi’. Yag`ni’y lirikali’q qaharmanni’n` tiykari’n realli’q quraydi’ ha`m shayi’rdi’n` sub`ekti arqali’ wo`tse g`ana lirikada konkret formag`a iye boladi’».[20]

---

[19] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў терминлериниң русша-қарақалпақша сөзлиги.- Нөкис, "Билим", 1994. – 115-бет.
[20] Худайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. - Нөкис, "Қарақалпақстан", 1987. –30-41-бетлер

Ali’mlari’mi’zdi’n` ko`rsetip wo`tkenindey, lirikada shayi’rdi’n` wo`z ko`kiregin ken` ashi’p taslawi - bul woni’n` woyi’na ne kelse soni’ ayta beriwi huqi’qi’ emes, al woni’n` a`ti’rapindag`i’ real turmi’sqa bolg`an ko`zqarasi’n ko`rkem bere ali’wi’n an`latadi’. Bul ko`zqaras arqali’ berilip ati’rg`an ideyani’n` shen`beri tek avtordin` wo`z ko`zqarasi’n yemes, al pu`tkil xali’qti’n`, ja`miyettin` ko`zqarasi’n wo`z ishine aladi’. Sonli’qtan da lirikali’q qaharman termini shayi’r obrazi’ termininen ken` boli’p tabi’ladi’. Qosi’q jazg`an ha`r qanday adam wo`z shaxsiyati’n sa`wlelendire almaydi’. Lirikali’q qaharmanda adamni’n` jan sezimi tuwri’dan-tuwri’ beriledi. A`debiyattani’w iliminde lirikali’q qaharman terminine jaqi’n shayi’r obrazi’ ha`m lirikali’q personaj terminleri qollani’ladi’. "Lirika - adamni’n` jan du`n`yasi’ni’n`, woy-seziminin` ruwxi’y bayli’g`i’n, jetilisken ma`writlerin beretug`i’n bolg`anl’i’qtan, ha`r bir shayi’rdi’n` adam ju`regine kirip baratug`i’n qa`demi quwatlawg`a turarli’q, woni’n` biypa`rwa, salq’in ko`zqarasi’ lirikag`a pu`tkilley jat. Lirikada shayi’r wo`z ko`kiregin ayqara ashi’p taslasa g`ana woni’n` shaxsiyati’ (yeger wol bay shaxsiyat - lichnost` - bolsa) qosi’qlari’nda toli’q sa`wlelense g`ana, wol xali’qti’n` jan sezimi menen jasasa ha`m buni ko`rkem bere alsa g`ana, ken` woqi’wshi’lar jurtshili’g`i’ni’n` ju`regine jol tawi’p bara aladi’".[21]

XX a`sirdin` son`g`i’ sheregindegi poeziyami’zdi’n` iri izertlewshisi Q.Worazi’mbetov bul da`wirde poeziyami’zda "lirikali’q qaharman jekke adam si’pati’nda do`retile basladi’,- dep ko`rsetedi.- Lirikali’q qaharmanni’n` boli’p ati’rg`an jag`daylarg`a, problemalarg`a ko`zqarasi’ jekke adamni’n` wo`zinin` ko`zqarasi’ si’pati’nda berile basladi’. Bul na`rse lirikali’q shi’g`armalardi’n`

---

[21] Худайбергенов К, Көрсетилген мийнети, 35-бет

ko`rkemligin artti'ri'p g`ana qoymastan, woni'n` mazmuni'n bayi'tti', woni' woqi'wshi'ni' jali'qti'rarli'q, birgelki si'patlardan qutqardi'"[22].

Lirikali'q shi'g`armalardi'n` ma`n`giligi de wonda jarati'lg`an obrazlar menen baylani'sli'. Lirikada obrazdi' tu`siniw ushi'n yen` da`slep wondag`i'personajdin` sotsialli'q negizi ashi'li'wi sha`rt. Epikali'q shi'g`armalarda bul ushi'n ken` mu`mkinshilik bar. Al lirikada bul ushi'n avtordan u`lken talantti, do`retiwshilik ta`jiriybelerdi wo`zlestiriwdi talap yetedi. Bul degen so`z lirikali'q qaharmanni'n` ishki sezimleri woqi'wshi sanasi'na ta`sir yete ali'wi', «tu`rtki» boli'wi' tiyis.

Bi'raq lirikada a`debiyatti'n` basqa tu`rlerindegidey turmi'sti ken` su`wretlew, qaharmandi' ha`rekette ko`rsetiw arqali' woni'n` obrazi'n jarati'w mu`mkinshiligi joq. Sonli'qtan, lirikali'q obraz jarati'w haqqi'nda so`z yetkende woni'n` mazmun wo`zgesheligin yesapqa ali'w kerek.

Lirikani'n` mazmuni - bul insanni'n` ishki sezimler du`n`yasi'. Yag`ni'y adamdi tolqi'nlandi'rg`an, tolg`andi'rg`an, ti'ni'shsi'zlandi'rg`an, ku`yindirgen, qapalandi'rg`an, yoshlandi'rg`an sezimler lirikani'n` mazmuni'n quraydi'. Shayi'rdi'n` shi'g`armalari'ndag`i' ko`rkem poetikali'q izlenisleri ko`pshilik jag`daylarda obraz jasaw usi'llari' menen baylani'sli' qarastiri'ladi'. Sebebi ko`rkem obraz shi'g`armani'n` ko`rkemligin ta`miyinleytug`i'n mazmun menen formani' baylani'sti'ri'wshi tiykarg`i' element yesaplanadi'. Lirikali'q qaharman obrazi'nda da`wirdin`, xali'qti'n` ha`m jeke insan ruwxi' ja`mlesken tu`rde beriledi. Yegerde usi'lardi' shayi'r lirikali'q qaharman obrazi'nda tiplestire almasa, wonda wol shi'g`armani'n` mazmuni menen forma birligi «buzilip», si'yqag`i' shi'qqan so`zlerden quralg`an qatarlarg`a usap qaladi'. Bunin` menen biz lirikali'q qosi'qlarda turmi'sti ken` su`wretlew kerek dep talap kelip shi'qpaydi'. Shayi'rdi'n` qosi'qta barli'q na`rse ha`m ha`diyseler tuwdi'rg`an

[22] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик, - Нөкис, "Билим", 1992. –20-бет.

woy-sezimleri konkret beriliwi tiyis. Sonda g`ana lirikali’q qaharmanni’n` ta`ki’rarlanbas kelbeti woni’n` jan sezimi arqali’ sheber jarati’ladi’.

Joqari’dag`i’lardan kelip shi’g`i’p, lirikali’q sub`ekt – bul lirikali’q shi’g`armada ishki tuyg`i’lari’, ku`yinish, su`yinishleri berilip ati’rg`an lirikali’q qaharman boli’p tabi’ladi’. Lirikali’q qaharman wo`z tolg`ani’slari’n kimge yaki negedur bag`darlawi, yag`niy, kimnin` yaki nenin`dur adresine qarati’wi’ mu`mkin. Al, sol lirikali’q qaharman mu`ra`ja`t yetip ati’rg`an, woni’n` di’qqati’ qarati’lg`an «obraz» yaki qa`legen adres lirikali’q ob`ekt wazi’ypasi’n wo`teydi. Lirikali’q ob`ekt tu`sinigin ko`pshilik lirikali’q personaj tu`sinigi menen shatasti’radi’. Lirikali’q personajdin` lirikali’q ob`ektten parqi’ sonda, lirikali’q personaj lirikali’q (a`sirese, epikali’q xarakterge iye lirikali’q janrlarda) shi’g`armalarda ha`reket yetiwshi qaharman obrazi’ boli’p tabi’ladi’. Al lirikali’q ob`ekt bolsa lirikali’q personaj si’yaqli’ ha`reket yetpeydi, tek g`ana lirikali’q qaharman ta`repinen mu`ra`ja`t yetiledi, tilge ali’nadi’, yaki su`wretlew ob`ekti wazi’ypasi’n atqaradi’. Pikirimizdi da`liyllew ushi’n mi’salg`a mu`ra`ja`t yeteyik:

- Bar ma wo`mir boyi’ pitpes a`rmani’n`?
G`amgu`n ashi’qlarday, bi’raq, gu`nasi’z
Shi’rayi’ kelisken sa`rwi tallari’m,
Nege qa`ddin`izdi iyip turasi’z?[23]

J.Izbasqanovti’n` «Sa`rwi tal» qosi’g`i’nan ali’ng`an bul qatarlarda sa`rwi tallardi’n` suli’wli’g`i’na ha`wes yetiw menen birge wolardi’ ta`riyplewde gu`nasi’z, g`amgu`n ashi’qlarg`a sali’sti’ri’p, wolarg`a tilekleslik sezimlerin berip obraz – lirikali’q qaharman obrazi’ boli’p, wol lirikali’q sub`ekt, al, qosi’qta lirikali’q qaharmanni’n` ishki sezimlerin, halati’n, aytpaqshi boli’p turg`an woyi’n

---

[23] Избасқанов Ж. Өмирге қуштарлық. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987, - 7-бет

sa`wlelendiriwge qatnasi’p turg`an «sa`rwi tal» - lirikali’q ob`ekt wazi’ypasi’n atqarg`an.

Lirikali’q sub`ekt penen lirikali’q ob`ekttin` qatnasi’na keletug`i’n bolsaq, shi’g`armada lirikali’q ob`ekt lirikali’q sub`ekttin` xarakterin jetilistiriw, toli’q ashi’p beriw ushi’n xi’zmet yetedi. Sonli’qtan shayi’rlari’mi’z wo`z do`retpelerinde lirikali’q sub`ekttin` obrazi’n jarati’wda lirikali’q ob`ektten paydalani’w sheberligine qarap woni’n` sa`tli do`retiliwine tiykar jaratadi’. Biz so`z yetpekshi boli’p woti’rg`an wo`tken a`sirdin` 80-90-ji’llari’nda tabi’sli qa’lem terbetken shayi’rlari’mi’z J.Izbasqanov, M.Berdiev, S.Ibragimov, K.Ka`rimov poeziyasi’ndag`i’ li’rikali’q qaharman obrazi’n jasaw wo`zgesheliklerin u`yrengende wolardi’n` lirikali’q sub`ektti sa`wlelendiriwde lirikali’q ob`ektke ju`klegen «poetikali’q ju`k»tin` qollani’li’w usi’llari’ndag`i’wo`zgesheliklerin basshili’qqa ali’p a`debiy-ilimiy talq’i’ jasaymiz.

Qaraqalpaq a`debiyattani’w iliminde lirikali’q qaharman tu`sinigi haqqi’nda teoriyali’q pikirler bar bolg`ani’ menen woni’n` jarati’li’w usi’llari’ haqqi’nda ken` tu`rde ilimiy-teoriyali’q ko`zqaraslar alg`a su`rilgeni joq. A`sirese, lirikali’q qaharman obrazi’n jasawda tiykarg`i’ wori’nda turatug`i’n lirikali’q ob`ekt ma`selesi izertlewshiler di’qqati’nan shette qali’p kiyati’r. Sonli’qtan, poeziyali’q shi’g`armadag`i’ lirikali’q sub`ekt ha`m lirikali’q ob`ekt ma`selesi a`debiyati’mi’z aldi’nda turg`an u`yreniliwi tiyis sheshiwshi ma`selelerdin` biri. Sebebi, lirikali’q qaharman – lirikali’q do`retpenin` «ju`regi» boli’p yesaplanadi’. Lirikali’q shig`armani’ ha`reketke keltiriwshi ju`regi yesaplang`an lirikali’q sub`ekttin` obrazi bolsa lirikali’q ob`ektten tikkeley g`a`rezli. Lirikali’q ob`ekt tek g`ana lirikali’q qaharmanni’n` xarakterin jarati’wda g`ana yemes, soni’n` menen birge shig`armani’n` ideyasi’n, ko`rkemligin ta`miynlewde de ayri’qsha a`hmiyetke iye.

## II. 2. Shayi’rlar poeziyasi’nda lirikali’q sub`ekt ha`m lirikali’q ob`ekt obrazlari’n jasaw wo`zgeshelikleri

Talantli’ shayi’r wo`zi jaratqan lirikali’q qaharman obrazi’ arqali’ wo`z xalq’i’ni’n` ruwxi’y du`n`yasi’n ken` da`rejede sa`wlelendiredi. Xalq’i’ni’n` psixologiyasi’ndag`i’, mentali’tetindegi pazi’yletlerdi lirikali’q qaharmani’ni’n` boyi’na jaylasti’radi’. Usi’ arqali’ wol wo`z woqi’wshisin milliy ruwxta ta`rbiyalaydi’. Ko`rip turg`ani’mi’zday, shayi’r wol xali’qti’n` so`yler tili, xali’qti’n` ta`rbiyashi’si’, wol xali’qtan ali’p xali’qti’n` wo`zine beredi, bi’raq wol sol pazi’yletlerdi lirikali’q qaharmani’ni’n` ju`rek sezimleri, woy-pikirleri ha`m mu`na`sibeti menen ko`rkemlep, saralap beredi.

"Poeziyani’n` ideyali’q ha`m ko`rkemlik da`rejesin ani’qlaw lirikali’q qaharmanni’n` haqi’yqat kelbetin ko`rsete aladi’," - dep jazg`an yedi K.Xudaybergenov. Sebebi ko`rkem obrazdi’n` shi’g`armadag`i’mazmun menen formani’ baylani’sti’ri’p turi’wshi halqa yekenligi belgili. Lirikali’q qaharman ob`ektiv ha`m sub`ektiv elementtin` birliginen ibarat boli’p, woni’n` obrazi’nda da`wirdin`, xali’qti’n` ruwxi ha`m shayi’rdi’n` ruwxi’y du`n`yasi’ni’n` bayli’g`i’, wo`zinsheligi bir-birinen aj’i’ralmas tu`rde ja`mlengen boladi’. Ideyani’n`, woy-sezimlerdin` tipikligi, lirikali’q qaharman obrazi’ni’n` tipikligin, qunli’li’g`i’n ta`miynleydi. Lirikali’q qaharman bir waqi’tti’n` wo`zinde ha`m da`wirdin` jemisi, ha`m shayi’rdi’n` jemisi.

Shayi’rdi’n` sheberligi wo`z do`retpesindegi lirikali’q qaharman halati’n sa`wlelendiriwde lirikali’q sub`ekt penen lirikali’q ob`ekt obrazlari’n sa`ykeslendirip bere ali’wi’nda ko`rinedi. Sonda g`ana shi’g`armada beriletug`i’n oy-pikir de wo`z orninda, estetikali’q ta`sirshen`ligi menen sa`wlelenedi.

J.Izbasqanov wo`z usi’li’na, wo`z qoltan`basi’na iye shayi’r. A`sirese, woni’n` lirikali’q qaharmanni’n` ko`rkem obrazi’n do`retiwdegi sheberligi ko`p

g`ana jas shayi’rlar ushi’n u`yreniw mektebi boldi’. Shayi’rdi’n` poetikali’q sheberligi sonda, wol na`zik sezimlerdi insani’y tuyg`i’lardi’ ha`m ta`biyat ko`rinislerin sezimler qursawinda su`wretlep beriw sheberi. Wondag`i’pikirler ag`i’mi yerkinlikke umti’li’p ati’rg`an hawa ag`i’mi’nday woqi’wshi’ni’n` ju`regine umti’ladi’ ha`m woqi’wshi wo`z ju`reginen wo`tip ati’rg`an keshirmelerdi shayi’rdi’n` lirikali’q qaharmani’ halati’nda ko`rgendey boladi’. Mi’sali’:

Men ku`tken ku`n,

Tu`slerime yenersen`

Qubi’li’si’n` qanday bolar? Bilmedim,

Ba`lkim, appaq qusqa aynali’p kelersen` –

U`mit penen wo`tip ati’r ku`nlerim…

Men ku`tken ku`n,

Woyi’mdasan` ha`r demde,

A`rmani’md’i jari’lqawshi’ wo`zin` bol!

Wo`mirimnen u`lken u`mit bar mende,

Kewil qursi’n sirestirgen sezim mol. [24]

Shayi’r J.Izbasqanov poeziyasi’nda lirikali’q sub`ekt obrazi’n jarati’wda lirikali’q ob`ekt obrazi’ ayri’qsha a’hmiyetke iye. Mi’sali’, woni’n` joqari’dag`i’ mi’salg`a ali’ng`an qosi’g`i’nda a`rmanli’ ashi’q (lirikali’q sub`ekt) mu`ra`ja`t yetip ati’rg`an woni’n` su`yiklisi shayi’r ta`repinen lirikali’q ob`ekt obrazi’ si’pati’nda tan`lanadi’.

---

[24] Избасқанов Ж. Өмирге куштарлық., Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987, 8-9-бб

A`dette, liriakli’q ob`ekt obrazi’ lirikali’q personaj si’yaqli’ shi’g`armada ha`reket yetpeydi. Sonli’qtan, ta`biyatti’n` qa`legen qubi’li’si da, insandag`i’ha`r tu`rli tuyg`i’lar da lirikali’q ob`ekt obrazi’ ushi’n tan`lana beredi. Pikirimizdi shayi’r J.Izbasqanov poeziyasi’nan mi’sallar menen tasti’yqlami’z. Mi’sali’:

Ayg`abag`arlarday telmiremen men

Quyashti’n` ju`zine. Ayi’p yemes wol!

Wo`mir jollari’mdi jaqti’rti’p kelgen

U`mitlerim mol![25]

«U`mitlerim» qosi’g`i’nan ali’ng`an mi’salda shayi’rdi’n` lirikali’q qaharmani’ obrazi’n do`retiwde qatnasqan «u`mit» sezimi lirikali’q sub`ekttin` maqsetli, keleshekke jaqsi’ na`zer menen qaraytug`i’n obrazi’n jarati’wda lirikali’q ob`ekt si’pati’nda qatnasadi’.

Pu`tin ashi’li’si’p ayi’ri’m waqlari’

Jelqomday jen`iltek boli’wi’n` neden?

Yaki qozg`aw sali’p qi’yaldi’n` ba`ri

Du`n`yag`a si’ymaw ma shayi’rli’q degen?

Bazda qi’yal qusi’ ko`kte sharq uri’p,

Sezim ag`i’si’nan ruwxi’ tasadi’,

Shi’raydan gu`l tu`sli ko`rki barq uri’p,

[25] Избасқанов Ж. Өмирге қуштарлық., Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987, 9-бет

Ti’ni’q suwli’ ko`ldey aydi’nlasadi’.

Siresken sen`lerdey sezim qi’stag`an

Bilmedim, qanatsi’z qalg`an qus pa adam?...

Al, bu`gin-juldi’zi’n` mi’g`i’m uslag`an

Jan`a bir shayi’rdi’n` tan`i atqani’![26]

Bunda lirikali’q sub`ekt – shayi’r obrazi’ boli’p, woni’n` ilhamg`a, ji’rg`a qumar jani’ mu`ra`ja`t yetip ati’rg`an «shayi’rli’q» tu`sinigi - lirikali’q ob`ekt si’pati’nda qatnastirilg`an. Shayi’r insanni’n` qa`lbindegi keship ati’rg`an tu`siniksiz halatti’ su`wretlew ushi’n kimdur ilham perisine, kimdur poeziyag`a, kimdur oylari’na mu`ra`ja`t yetedi. Al, shayi’r J.Izbasqanov bul halatti’ su`wretlew ha`m lirikali’q sub`ekttin` halati’n tu`sindiriw ushi’n «shayi’rli’q» lirikali’q ob`ektin tan`laydi’.

Usi’ si’yaqli’ mi’sallardi’ shayi’r poeziyasi’nda ko`plep ushi’rati’wg`a boladi’. Wolarda lirikali’q sub`ekttin` halati’ abstrakt na`rselerden lirikali’q ob`ekt si’pati’nda qoyi’p su`wretlew arqali’ sa`wlelendiriledi. Mi’sali’:

Kelip-ketti qanshama g`azlar?

Mensigisi kelmedi bazlar…

Bolg`annan son` tuyi’q minezim

Wo`zim menen boldi’m bir wo`zim…[27] *«Halati’m»*

Wo`zimdi wo`zimnin` tarti’li’s ku`shim

Ali’p baradi’,

---

[26] Избасқанов Ж. Өмирге қуштарлық., Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987, 10-11-бб.
[27] Сонда, 34-бет

Bilemen, ku`ndelik mi'n`-mi'n` ta`shwishim

Qali'p baradi'.

Sonnan alg`aw-dalg`aw qi'yali'm, jani'm.

I'laj'im qansha?

Wolar ku`te turar. Sher ha`m ilhami'm

Pi'da` bolg`ansha[28] *«Wo`mir ta`shiwishlerine»*

Geyde shayi'r lirikalari'nda lirikali'q sub`ekttin` wo`zi ha`m lirikali'q sub`ekt, ha`m lirikali'q ob`ekt xi'zmetinde qollani'lg`an wori'nlari'n ushi'ratami'z. Mi'sali':

Quyash su`yip tawlar asqari'n

Bolg`an menen a`ti'rap shi'rayli',

Bult qaplag`an kewil aspani'n –

Sebep sag`an bir qi'z unaydi'.

Aprel`… Ken` jahandi' - wo`z basi'm,

Yeritedi desem bul aydi',

Ko`kiregin`de muzlar ko`z jasi'n`,

Sebep sag`an bir qi'z unaydi'.[29]

[28] Сонда, 40-бет
[29] Сонда, 16-бет

Qosi’qta «kewil aspani’n bult qaplag`an» lirikali’q qaharman wo`z-wo`zine mu`ra`ja`t yetiwi arqali’ wo`z keshirmelerin jetkerip beredi. Shayi’r tan`lag`an bul usi’l woni’n` lirikali’q qaharman halati’n jetkerip beriwdegi sheberligi boli’p tabi’ladi’.

Sag`i’nbay Ibragimovti’n` xalq’i’mi’zdi’n` ruwxi’y du`n`yasi’n ashi’p beretug`i’n shi’g`armalari’ shayi’rdi’n` poeziyasi’ndag`i’ li’rikali’q qaharman obrazi’n izertlewde ko`p jan`a qi’rlari’n ashi’p beredi. Bul lirikali’q qaharman obrazi’ xali’qti’n` ta`g`dirin woylaytug`i’n, woni’n` basi’ndag`i’ da`wletke su`yinip, kulpetke ku`yinetug`i’n insanni’n` ju`rek sezimleri dep aytiwg`a boladi’. Wol xalq’i’ni’n` ul-qi’zlari’ni’n` is-ha`reketlerin, peylin shayi’rli’q ko`kirek penen bahalaydi’, boli’p ati’rg`an nasazli’qlarg`a, qa`te islerge, jaman qi’li’qlarg`a ashi’nadi’. Mi’sali’:

Kisinin` nesiybesine qoli’n` sozbag`i’l,
kisinin` nesiybesine g`i’lapli’q qi’lma.
Bul xali’s wo`mirin`de bir azg`antay ku`n
aldanba ha`miyanda shi’n`g`i’rlag`ang`a.[30]

Mi’salg`a ali’ng`an ba`ntte de lirikali’q sub`ekt mu`ra`ja`t yetip ati’rg`an lirikali’q ob`ekt - wo`z zamanlaslari’. Shayi’r lirikali’q qaharmanni’n` xarakterin jarati’wda zamanlaslari’na mu`ra`ja`t yetiw arqali’ di’daktikali’q mazmunda woy-pikirin jetkerip beredi.

Sag`i’nbay Ibragimovti’n` son`g`i’ da`wirdegi poeziyasi’nda jarati’lg`an lirikali’q qaharman obrazi’ quramali’, bul jan du`n`yasi’ bay, zaman da`rtlerine biyparwa jasay almaytug`i’n ku`yinshek adamni’n` obrazi’. Mi’sali’:

---

[30] Ибрагимов С. Бесинши мәўсим. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986. – 31-бет

Shi’dadi’ ko`zlerim, qulag`i’m to`zdi –

pa`rwa qi’lmawg`a da u`yrengshen yedim,

bi’raq bul mazmunsi’z ko`tere so`zlerdin`

qa`wpinin` neligin son`i’nan bildim.

…Adam – wol adam tek woylari’ menen,

woylari’n` pa`s bolsa du`n`ya tari’lar,

adam ba wol Ayg`a umti’li’p ko`rmegen? –

Jer basi’p ju`rgen bir jari’m-jarti’lar…[31]

A`debiyatshi’lar ko`rkem shi’g`armani’, soni’n` ishinde qosi’qlardi’ tutas bir organi’zm si’pati’nda ali’p qaraydi’. Ko`rkem shi’g`arma woqi’wshi’g`a wo`zinin` ideyali’q-emotsiyali’q tutasli’g`i’ menen ta`sir jasaydi’. Usi’ tutasli’q saqlanbag`an jerde woni’n` woqi’wshi’ni’n` sezim du`n`yasi’na ta`siri bosan`laydi’. Adamni’n` go`zzalli’qqa bolg`an qushtarli’g`i’n qanaatlandi’riw ha`m woni’ ko`rkemlik a`lemine yengizip jiberiw - a`debiyatti’n` estetikali’q ku`shine baylani’sli’.

Sag`i’nbay Ibragimovti’n` lirikali’q qaharmani’ a`rmanshi’l jan, wol jaqsi’li’qti’ an`saydi’, wol bul wo`mirde durisli’qti’n`, tuwri’li’qti’n`, haqi’yqatli’qti’n` ha`m hujdanli’li’qti’n` ta`repdari’. Shayi’r turmi’s haqi’yqatli’g`i’n sa`wlelendirgende woni’ wo`zinin` yen` joqarg`i’ arzi’w-

[31] Ибрагимов С. Бесинши мәўсим. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986. – 5-бет

a`rmanlari’ menen baylani’sti’radi’, geyde turmi’sti wo`zinin` qi’yali’, an`sag`an a`rmani’ menen ushlasti’ri’wg`a umti’ladi’.

Si’zg`i’shqa kelmeydi g`ayri’ minezler,
ma`n`gi tati’wli’q joq mu`lktey qoldag`i’–
ashshi’lasi’p qalsaq ko`kiregim izler
seni, Yurmaladan qaytqan joldag`i’.
Men sahradan keldim, sen – El`brustan,
bul tik minezlilik – qi’li’sh qi’ndag`i’.
Bir wo`mir kewlimnen joyta almaspan
seni, Yurmaladan qaytqan joldag`i’.
Bazda tu`sinikler qayshi’lasadi’ –
bir dasti’qqa qoyg`an baslar jumbaqli’.
Ruwhi’m – sheshilip tu`sken saati’n`
seni, Yurmaladan qaytqan joldag`i’.[32]

Lirikali’q qaharmanni’n` su`yiklisine arnalg`an qa`lbindegi pinhami’ sag`i’ni’shlari’n su`wretlewde shayi’r bir ba`nttin` wo`zinde bir neshe ma`rte lirikali’q sheginis jasap, jasli’g`i’nda bolg`an shiyrin yeslewlerin de qosi’qqa yendirip jiberedi.

Geyde shayi’r lirikalari’nda lirikali’q sub`ekttin` kimge mu`ra`ja`t yetip ati’rg`ani’ jumbaq boli’p qaladi’. Mi’sali’:

---

[32] Сонда, 59-бет

“Muwsa, sen yari’” ni’ shertken senin` sawsaqlari’n`

Umi’tti’radi’ semserlerdin` suwi’qli’g`i’n,

son`g`i’ iret qi’si’mi’n`a ilinetug`i’n jali’n tulpardi’n`,

yar qushag`i’ni’n` ko`z jastan i’ssi’li’g`i’n…

Ha`m tag`i’ basqa yalg`anshi’ni’n` alag`adalari’n,

qosi’qqa yendirip jiberedi.

Da`rtinen beterirek da`rtke tap bolg`an

jani’m jay tappas –

bir biytani’s du`n`yani’n` qarsi’si’ndaman,

huwshi’mdi’ joytaman,

huwshi’mdi’ joytaman…[33]

Bunda lirikali’q ob`ekt boli’wi’ itimali’ bar bir neshe adres tilge ali’nadi’: «“Muwsa, sen yari’ni shertken senin` sawsaqlari’n`», «bir biytani’s du`n`yani’n` qarsi’si’ndaman», «huwshi’mdi’ joytaman». Lirikali’q qaharman obrazi’n jasawdag`i’ shayi’rdi’n` basqa shayi’rlardan parqi’ da usi’nda ko`rinedi: yag`ni’y wol lirkali’q sub`ekt mu`ra`ja`t yetip ati’rg`an adresti jasi’ri’n halatta sa`wlelendiredi, woni’ tawi’p qoyi’wdi woqi’wshi’ni’n` wo`zine qaldi’radi’. Sonli’qtan shayi’r S.Ibragimovti’n` poeziyasi’ wo`zinin` qubi’lmali’li’g`i’, jumbaqlili’g`i’, filosofiyali’q woylarg`a bayli’g`i’ menen aj’i’rali’p turadi’.

Shayi’r Ken`esbay Kari’movti’n` lirikalari’nda lirikali’q qaharman obrazi’n jarati’wda bir qansha ko`rkemlik izlenisler seziledi. Mi’sali’, woni’n`

[33] Сонда, 29-бет

shi’g`armalari’nda lirikali’q qaharmanni’n` ku`yinishi, su`yinishi woni’n` jeke da`rti yaki qayg`i’si’ boli’p qalmastan, uli’wma insan turmi’si’ menen baylani’sli’ su`wretlengen:

Du`n`ya ju`yrik wor qoyanday i’rg`i’g`an,
Sen jedellew quwsan` a`bden qarg`i’g`an,
Talay ret qi’ynap qoli’ qi’sqali’q,
Ken` ja`ha`ndi alaqanday tar qi’lg`an.
Ku`nler menen tu`n keshirip azapli’,
Wor qoyang`a ko`pler qurg`an duzaqti’,
Ayadi’ u`mit aqi’ri’nda wo`kinish,
Ha`r bir qoyg`an qa`demlerin` h’i’sapli’[34].

Bul qatarlardi’ woqi’p woti’ri’p  bul du`n`yadan bayli’q quwi’p wo`tken lirikali’q qaharmanni’n` ruwxi’y sazasi’n yesitkendey bolami’z. Woni’n` wo`tkinshi du`n`yadan «ketkennen keyingi» wo`kinishli jag`daylari’, sezimleri woqi’wshi’ni’n` sezimine ku`shli ta`sir yetedi. Shayi’r lirikali’q qaharmanni’n` du`n`ya, wo`mir haqqi’ndag`i’tragediyali’q xarakterdegi woylari’n obrazli’ qatarlar, ko`rkem woy, lirikag`a ta`n sezimler menen qari’sti’ri’p  jiberedi. Sol arqali’ adamzat ta`g`diri menen baylani’sli’ ma`selelerdi ko`teredi.

Shayi’rdi’n` do`retiwshiligindegi lirikali’q qaharman jarati’w ma`selesinde wo`zine ta`n wo`zgeshelikler bar. A`sirese, bul peyzajli’q shi’g`armalarda da ko`rinedi. Woni’n` peyzajli’q qosi’qlari’ lirikali’q qaharmanni’n` ruwxi’y du`n`yasi’n teren` ashi’p beriwi menen aj’i’rali’p turadi’. «Ba`ha`r okkulari’» ha`m «Ba`ha`r» dep baslanatug`i’n qosi’qlarda ta`biyat obrazi’  lirikali’q obekt si’pati’nda belgili bir ideyani’ beriwshi ko`rkem detal` si’pati’nda sheber qollani’lg`an. «Ba`ha`r okkulari’»nda lirikali’q qaharmanni’n` da`wirlik

---

[34]Каримов К., Көңилим мүлки, Нөкис, «Билим», 2005. – 8-бет

problemalar menen baylani’sli’ ishki tolg`ani’slari’n shayi’r «siren` gu`li»nin` gu`llewi arqali’ sheber jetkergen:

Bir shoq gu`lin u`zdin` sirennin`,
Jag`i’mli’ xosh iyiske toldi’,
Ishi bul ka`mbag`al bo`lmemnin`.

. . . Ba`ha`r jazg`a tutasqan waqta,
aq gu`l ashti’ Amur sireni,
A`miwdegi ashshi’ topi’raqta.

K.Kari’mov ba`ha`r ko`rinisindegi bir payi’tti su`wretley woti’ri’p, ku`tilmegen poetikali’q sheshim beredi. «Ashshi’» topi’raqta gu`l ashqan siren gu`li obrazi’ - shi’damli’li’qti’n`, wo`mirshen`liktin` belgisi. Bundag`i’ su`wretlengen siren` gu`linin` obrazi’ woqi’wshi’larda tu`rlishe ta`sir qaldi’radi’. Woni’ ha`r kim wo`zinshe qabi’llaydi’.

Lirikali’q qaharman obrazi’n jasawda shayi’rlar ta’repi’nen tan`lang`an lirikaliq ob`ekt obrazlari tu`rlishe boliwi mu`mkin. Wolar qosi’qti’n` ko`rkemligin ta`miynlew menen birge lirikaliq qaharmanni’n` xarakterin jarati’wda sheshiwshi a`hmiyetke iye qural yesaplanadi’ ha`m lirikaliq sub`ekttin` ha`r tu`rli ruwhi’y halatlari’n su`wretlep beriwge qatnasadi’.

Al, shayi’rdi’n` «Jon`i’shqalar tag`i’ keldi woraqqa» qosi’g`i’n woqi’g`ani’mi’zda, ta`biyatti’ gu`zetiwshi serli lirikali’q qaharmandi’ ko`remiz. Wonda ta`biyatti’n` ha`r bir qubi’li’si’nda insan wo`mirinin` belgili bir ma`writine ta`n wo`zgeshelikti qaharman sezip qaladi’:

Jon`i’shqalar tag`i’ keldi woraqqa,
Suwsi’ldag`an jipektey jasi’l maysalar,
Tan` shi’g`i’ keppesten buri’nlaw yele,
Polat shalg`i’lardi’n` hu`kimi menen

Xosh iyis tarati’p ji’g`i’ladi’ jerge.
Misli sol jon`i’shqa maysasi’ yan`li’,
Wo`mirimnin` ku`nlerin-waqi’t shalg`i’si’,
Wormaqta ma`n`gilik wo`tmish qushag`i’na,
Ha`r ma`writ, ha`r pasi’l, ha`r pursat,
Jig`i’li’p tu`spekte. Ji’g`i’li’p tu`spekte.

Qosi’qta yeki tu`rli qubi’li’s wo`z-ara sali’sti’ri’li’p parallelizm usi’li’nda lirikali’q qaharmanni’n` wo`mir haqqi’ndag`i’filosofiyali’q juwmag`i’n ko`rkem nag`i’slap bergen. «Polat shalg`i’» ha`m «waqi’t shalg`i’si»-ta`biyat bo`lekshelerinin` «hu`kimdari’». Biri - wo`simliktin`, biri - insanni’n`. Waqi’t «shalg`i’si» aldi’ndag`i’li’rikali’q qaharmanni’n` ruwxi’y du`n`yasi’ndag`i’, qa`lbindegi payda bolg`an sezimler woni’ tolg`ani’slarg`a saladi’.

Shayi’rdi’n` ta`riyplew mazmuni’nda jazi’lg`an lirikalari’ndag`i’li’rikali’q qaharman obrazi’na ku`shli ko`terin`ki ruwx ta`n. Wolarda xalq’i’mi’zdi’n` milliy wo`zinsheligi, xarakteri, wo`tmishi sheber sa`wlelengen. Lirikali’q qaharmandi’ tolg`atqan sezimler wo`zine say ko`rkem formada jetkeriledi. Mi’sali’:

Toqsan uwi’q ti’msali’ to`rt pasi’ldin`,
Basquri’n`, beldewin` qali’-hasi’ldi’n,
Baw-shuwi’n` qi’zlarday qi’zi’l-jasi’lli’,
Neshe a`sirlerge si’rlas aq wotaw.
Ko`pdur bul du`n`yani’n` keshiw, o`tkeli,
Ha`rkimge da`wran bir kelip-ketkeli,
Wotaw tiksem deyip qaraqalpaq yeli,
Neshe a`sir a`rman yetken aq wotaw.[35]

---

[35] Сонда, 31-бет

Bul qosi’q qatarlari’n woqi’g`anda, aq wotaw ta`riypi qaraqalpaq xalq’i’ni’n` bu`gingi jetisken a`rmani’ - yel g`a`rezsizligine jetisiwi menen baylani’sip ketedi. Wonda lirikali’q qaharmanni’n` milliy maqtani’sh sezimleri halq’i’mi’zdi’n` neshe a`sirlik wo`tmishi menen qari’sip ketedi. Qosi’qta lirikali’q ob`ekt obrazi’ bolg`an aq wotawg`a ta`n na`rseler sanali’p wo`tilmegen, al lirikali’q qaharmanni’n` sog`an baylani’sli’ sezimleri obrazli’ til menen jetkerilip, oqi’wshi’da na`zik sezimlerin woyati’wshi «qural»g`a aylang`an.

Biz, shayi’r K.Kari’movti’n` lirikali’q shi’g`armalari’ndag`i’qaharman obrazi’ni’n` jarati’li’wi arqali’ belgili bir ideyani’n` su`wretlengenligin joqari’da qarap wo`ttik. Ko`rkem shi’g`armada lirikali’q qaharman beligili bir pikiri menen emes, al sezimi menen jasaydi’. Demek, lirika - woy-sezimlerdin` rawajlani’wi’.

Shayi’r qosi’qlari’nda lirikali’q qaharmanni’n` sezimin woyati’wshi detal`lardi’, predmetlerdi su`wretley woti’rip, ku`tilmegen juwmaq beredi. Bul, ko`binese woqi’wshi’da u`lken estetikali’q ta`sir qaldi’radi’, wo`zine tartadi’, woqi’wshi’ni’ woylani’wg`a ha`m wondag`i’sezimlerdi woyati’wshi ku`shlerdin` ta`sirinde qaldi’radi’. Bul wo`z gezeginde lirikali’q qawarmanni’n` tiplik xarakterge iye ekenligin belgileydi ha`m qosi’qti’n` ko`rkem mazmuni’n teren`lestiredi. K.Kari’movti’n` «Tu`n» qosi’g`i’nan mi’sal:

Ko`kten si’g`alag`an aydi’n` nurlari’n,
Jami’li’p woypatlar, tawlar qalg`i’ydi’,
Qalg`i’ydi’ okean, ten`iz qi’rg`ag`i’,
Ha`tte pitistegen jawlar qalg`i’ydi’.
Uyqi’ tartti’ri’wshi’ bunday aqshamda,
Yeki taypa g`ana qalg`i’mawg`a bar,
Biri uri’lardur payi’t paylag`an,
Yekinshisi woni’n`-ashi’qlar –

degen qatarlari’nda tu`n tinishli’g`i’ndag`i’bunday ko`rinislerdin` shayi’rda woyatqan woy-sezimleri beriledi.

Shayi’r tu`ngi jim-jirtli’q penen ha`reketti bir-birine kontrast qoyi’w na`tiyjesinde u`lken filosofiyali’q juwmaqti’ beredi. Bul lirikada pikir juwmaqlang`an ko`riniske iye, lirikali’q qaharmanni’n` obrazi’ toli’q jarati’lg`an.

Solay yetip, shayi’r K.Kari’mov do`retiwshiliginde lirikali’q sub`ekt ha`m lirikali’q ob`ekt qaharman jarati’w ma`selesinde bir qansha ko`rkemlik izlenislerge umti’li’slardi’ ko`riwge boladi’.

Biz xalq’i’mi’zdi’n` ruwxi’y du`n`yasi’na ta`n bolg`an qa`diriyatlardi’ atag`anda, shi’damli’li’q qa`siyetin birinshi gezekte tilge alami’z. Shayi’r M.Berdiev jaratqan lirikali’q qaharman usi’ adamgershlik pazi’yletin ha`r bir insanni’n` ta`biyati’nda, is-ha`reketlerinde ko`riwdi an`saydi’. Shayi’r wo`zi jaratqan lirikali’q qaharman obrazi’ arqali’ woqi’wshi’si’ni’n` sana-sezimine, ta`biyati’na usi’ xalq’i’mi’zdi’n` xarakterindegi shid’amli’li’q pazi’yletin sin`diriwdi niyet yetedi.

Seni jaqsi’ tu`sinbek ushi’n

Sazli’ jerde wo`speklik kerek.

Saqi’y ja`ne qi’ti’mi’r jerdin`

Ju`regine tuwri’ tillespek.

Qatalli’q bar; biymezgil, gu`zde

Japi’raqtan juda bolmaqtay.

Alti’ ay qi’sta - ayama`wizde

Yesken jelge qarsi’ turmaqtay [36]

«Kegey tal» dep atalg`an qosi’g`i’nan ali’ng`an qatarlarda sa`wlelengen oy-pikir lirikali’q ob`ektti su`wretlew arqali’ woni’n` boyi’nda bar qa`siyetlerdin`

---

[36] Бердиев М. Жаңғырық. Нөкис, «Билим», 1994. – 6-бет

ulli’li’g`i’n si’patlawdan ibarat. Qosi’qta lirikali’q ob`ekt obrazi’ simvoli’kali’q usi’lda jarati’lg`an. Kegey taldi’ qaraqalpaq xalq’i’ni’n` qani’na sin`ip ketken qa`siyetlerine obrazli’ sali’sti’radi’.

Du’nya isleri insandi’ ’ sol da’rejede quwantadi’ – wol, ha’tteki wo’zin jog’alti’p qoyi’wi’ mu’mkin, sol da’rejede mun’aytadi’ –qatari’nan, zamani’nan izde qali’wi’ mu’mkin. yeki jag’dayda da du’nyani’n’ insan u’stinen jen’isi ku`tiledi. «Barli’q na`rse wo`zgerer erten`» du`rkininen ali’ng`an to`mendegi mi’salda shayi’r lirikali’q ob`ekt - ji’lqi’ni’n` zindandag`i’ yerkinlikten ayi’rilip jati’rg`an halati’ndag`i’ woylari’n lirikali’q sub`ekttin` jarati’li’s nizamli’li’qlari’na keshirmeleri menen jetkerip beredi.

Dala. wotlaq, aqsham payi’tta

Ko`kke qarap ji’lqi’ kisineydi,

Kisenlewli… Juldi’z jari’qta,

Jer nalasi’n wol esitpeydi.

Juldi’zlardi’ jarqi’rati’p ko`kte,

Ju`yriklerdi kisenlep qoyg`an –

Pa`ni’ydi’n` bul gu`lliy isine

Qi’ri’q gez teren` zindan tu`binde

Woti’ri’p wol boladi’ hayran…[37]

Avtordi’n’ du’nya tu’sinigin «Juldi’zlardi’ jarqi’rati’p ko`kte, Ju`yriklerdi kisenlep qoyg`an» metaforali’q awi’sti’ri’wi’ da poeziyami’zda jan’adan qollani’lg’an qurallardan biri. Jerlik tirishilik penen isi joq «juldi’zlar»g`a nalasi’n uqti’ra almay ati’rg`an lirikali’q ob`ekt «kisenlewli ji’lqi’» obrazi’ su`wretlengen.

---

[37] Бердиев М. Жаңғырық. Нөкис, «Билим», 1994. – 4-бет

Soni’n’ ushi’n da lirikali’q qaharman du’nyani’n’ tu’yinin tabalmay a’were. Ha’r qi’yli’ woyi’nlari’ menen aljasti’rg’an du’nyali’q qubi’li’slar adamlardi’n’ birewin «aq» qa, birewin «qara» g’a aylandi’rari’ so’zsiz.

Shayi’rdi’n` zamanlaslari’mi’zdi’n` ha`m keleshektegi woqi’wshi’lari’ni’n` ruwxi’y du`n`yasi’na nur shashatug`i’n salmaqli’ woy-pikirleri ju`reginin` to`rinen shi’qqan shireli ha`m ma`nili so`zler menen, ku`shli obrazlarda, joqari’ poetikali’q texnikani’n` ja`rdeminde beriledi. Shayi’r son`g`i’ da`wirdegi shi’g`armalari’nda xali’qti’n` da`l diydinen shi’g`i’p, zamanni’n` wo`zine ta`n ta`shwishlerin shayi’rli’q sezimge toli’ yosh penen ta`riplep bermekte. Shayi’r bul qi’yinshili’qlar xali’qti’n` qabi’rg`asi’n qayi’sti’ri’p turg`an awmali’-to`kpeli zamanni’n` wo`tip ketetug`i’nli’g`i’n ayti’p, aldi’mi’zda bizdi jarqi’n keleshek ku`tip turg`anli’g`i’na iseniwge shaqi’radi’. Lirikali’q sub`ekt wo`tkinshi da`wirge baylani’sli’ adamlardi’n` peylinde payda bolg`an unamsi’zli’qlardi’ qaralaydi’. Mi’sali’:

Sen kibi hesh qashan jasay almayman,

Sen kibi tabarman keynine tu`ssem.

Sen kibi biyni’shan qala almayman,

Sen kibi biynawa bolmaspan ketsem. [38]

Ha`r bir adamdi’ qanday jag`day bolg`anda da adamgershilik qa`dir-qi’mbati’n joqari’ tuti’wg`a, begligin buzbawg`a shaqi’radi’. Adamlar usi’ joqari’ insani’yli’q pazi’yletlerdi qa`dirlep jasag`anda g`ana keleshek wo`mir a`jayi’p boladi’. Qosi’qta shayi’r lirikali’q ob`ektti su`wretlew ha`m lirikali’q sub`ekttin` woy-keshirmelerin beriw ushi’n «sen kibi» anaforasi’n sheberlik penen paydalanadi’.

---

[38] Бердиев М. Жаңғырық. Нөкис, «Билим», 1994. – 16-бет

Ha`r qanday ko`rkem shi’g`arma belgili bir da`wirdin` mazmuni’ menen baylani’sqan boladi’. Ko`rkem shi’g`armani’n` mazmuni ja`miyetlik turmi’stan, adamlardi’n` wo`mirinen kelip shi’g`adi’. Shayi’r M.Berdiev ja`miyetlik turmi’sti’ su`wretlew arqali’ jan`a turmi’sli’q karti’nalardi’ do`retedi, wol waqi’yalardi’n` mazmuni’n tu`sindirip beredi. Tu`sindiriw menen birge lirikali’q sub`ekt sol ja`miyetlik turmi’s haqqi’nda hu`kim shi’g`aradi’. Mi’sali’:

Ko`klem, mu`mkin, kesh oyang`an yel,

Toy-tamasha, saltanat penen,

Wo`tmishimiz – umi’ti’lg`an jo`tel,

Jalg`i’z ni’shan ayazli’ ku`nnen.[39] *«Ko`klem, jasli’q»*

Lirikali’q qaharman yerkinlikke yerispesten buri’ng`i’ xali’qti’n` tari’yxi’ndag`i’ wo`zligin jog`alti’w, Aral suwi’ni’n` tarti’li’p ketiwine baylani’sli’ ekologiyali’q apatshili’qti’n` tiygizgen zi’yanlari’n lirikali’q ob`ekt – wo`tmishti obrazli’ tu`rde ayazli’ ku`nnen qalg`an jo`telge ten`eydi, shi’g`armada su`wretlewdin` ob`ekti bolg`an ma‘sele shayi’rdi’n` ju`reginen wo`tkerilip beriledi. Bul mashqalani’n` adam wo`mirine ta`siri lirikali’q qaharmanni’n` sezimleri arqali’ beriledi.

Avtordi’n` «Qatan` talap», «Ma`n`gilik ren`ler», «Haqi’yqatli’q», «Hadalli’qti’n` bari’na i’nan», «Hal sorap» ha`m basqa da bir qatar qosi’qlari’nda u`lken poetikali’q talg`amni’n` ushqi’nlari’n ushi’ratami’z. Poeziyada lirikali’q ob`ekt si’pati’nda tek konkret bar zatlardan ti’sqari’ lirikali’q qaharanni’n` ishki

[39] Бердиев М. Жаңғырық. Нөкис, «Билим», 1994. – 36-bet

sezimlerin beriwde abstrakt tu`sinikler de qollani'ladi'. Shayi'rdi'n` «Hadalli'qti'n` bari'na i'nan» qosi'g`i'nda lirikali'q qaharmanni'n` adamlarg`a ta`n sezimlerge bolg`an qatnasi' haqqi'nda ayti'ladi'. Bul lirikali'q sub`ekttin` lirikali'q ob`ektlerge (hadalli'q, gu`man h.b.) ko`z-qaraslari' tiykari'nda berilip, ba`rqulla hadalli'qti'n` bari'na isenip jasawg`a shaqi'radi'.

«Lirikada shayi'r wo`zinin` individual ishki du`n`yasi'n su`wretleydi». M.Berdiev poeziyasi'nda lirikali'q qaharman obrazi'n do`retiwde lirikali'q sub`ekttin` lirikali'q ob`ektler tuwrali' sezimlerge toli', emotsiyali' ko`z-qaraslari', mu`na`sibetleri ko`rkem sa`wlelendiriledi. Lirikali'q qaharmanni'n` ruwxi'y halati'n bayan yetiwde shayi'r ko`rkem sali'sti'ri'wlardan, parallelizmlerden, janlandi'ri'wlardan, metaforalardan, ten`ewlerden h.t. basqa da su`wretlew qurallari'nan wo`nimli paydalang`an. «Jol» qosi'g`i'ndag`i':

Shi'm-shi'ti'ri'q jollardan ju`rip,

Wo`z ma`nzilin tabadi' adam.

- degen qatarlarg`a di'qqat awdarayi'q. Jol - wo`mir metaforasi' si'pati'nda qaraladi'. Qosi'qta insanni'n` wo`mirinde yamasa turmi'sta bolatug`i'n ha`r qi'yli' qi'yi'nshi'li'qlardi' ha`m tosqi'nli'qlardi' jen`ip wo`z niyetlerine jetiwi na`zerde tuti'ladi'.

Solay yetip, M.Berdiev qaraqalpaq poeziyasi'ni'n` 80-90-ji'llardag`i' estafetasi'n wo`zinin` bir qatar jan`a dawi'r talabi'na say do`retpeler menen ali'p bardi'.

Wo`tken a`sirdin` 80-90-ji'llari'nda bir qansha lirikali'q shi'g`armalari' menen qaraqalpaq poeziyasi'ni'n` ko`rkemlik jaqtan rawajlani'wi'na u`leslerin qosqan shayi'rlar J.Izbasqanov, K.Ka`rimov, S.Ibragimov, M.Berdievlar poeziyasi'nda lirikali'q sub`ekttin` xarakterin jaratiwdag`i' lirikaliq ob`ekttin` beriliw usi'llari' ha`r bir shayi'rdi'n` wo`zine ta`n poetikali'q sheberlikte sa`wlelendirilip beriledi.

## JUWMAQ

Qaraqalpaq poeziyasi’ a`debiyati’mi’zdi’n` yen` ha`reketshil janri’. Wo`zinin` ku’ta’ yertedegi qa’demlerinen baslap-aq wol a`debiyati’mi’zdi’n` aldi’n`g`i’ qatari’nda boli’p kiyati’r, wo`z waqti’ni’n` karti’nasi’n duri’s sa`wlelendirip xali’q wo`mirinin` aynasi’ boldi’, adam ta`g`dirin, woni’n` quwani’shi’ menen qayg`i’si’n, keshirmeleri menen keypin, na`zik sezimi menen ushqi’r qi’yali’n, woy-a`rmanlari’n wo`z shamasi’ni’n` kelgeninshe su`wretlep berip woti’rdi’. Poeziyani’n` ko`rkem a`debiyatti’n` basqa tu`rlerine qarag`anda su`wretlew mu`mkinshiliginin` anag`urlim ken`ligin, adamni’n` jani’ni’n` yen` tu`pkirlerine yerkin kirip, ju`rektin` tolqi’nli’ ku`shin ayni’tpay beriwi jag`i’nan wo`zinsheligin aytpay wo`tiw mu`mkin yemes.

Wo`tken a`sirdin` 80-90-ji’llari’na kelip qaraqalpaq poeziyasi’ wo`zinin` ra`n`-ba`ren`ligi, su`wretlew maydani’ni’n` ken`eygenligi, forma ha`m mazmuni’ni’n` jan`alang`anli’g`i’, ko`rkem obraz jarati’wdi’n` jan`asha usi’llari’, ideyali’q-temati’kali’q bag`darlari’ menen bir qansha ken`eyip rawajlana basladi’. Ja`miyette boli’p ati’rg`an ha`r qi’yli’ ekonomikali’q-siyasi’y jag`daylar qaraqalpaq poeziyasi’ni’n` rawajlani’w bag`darlari’na wo`zinin` ta`sirin tiygizip bardi’. Usi’ ko`z-qarastan biz qaraqalpaq poeziyasi’ni’n` g`a`rezsizlikten aldi’n`g`i’ ha`m g`a`rezsizliktin` da`slepki ji’llari’ndag`i’ wo`zgesheliklerine na`zer taslaytug`i’n bolsaq ja`miyetlik siyasi’y wo`zgerisler, sotsialli’q ta`liymat quri’w ideyalari’ 80-90-ji’llardi’n` poeziyasi’nda, oni’n` ideya-temati’kasi’nda aqi’l-na`siyat, agitatsiya, shaqi’ri’q, su`ren qosi’qlari’ mi’sali’nda ko`plep do`retilse de, mazmun ha`m forma jag`i’nan bi’raz bayi’di. Shayi’rlari’mi’z woy-pikirdi jetkerip beriwde quramali’li’qqa bet burdi’. Bul da`wirdegi qaraqalpaq poeziyasi’ni’n’ ko`rkemlik bag`darlari’n belgilewde I.Yusupov, T.Jumamuratov, B.Qayi’pnazarov, T.Ma’tmuratov, Sh.Seytov, K.Raxmanov si’yaqli’ ta`jiriybeli shayi’rlari’mi’zdi’n` do`retiwshilik iskerligi menen birge J.Izbasqanov,

K.Kari’mov, B.Genjemuratov, S.Ibragimov, M.Berdiev ha`m t.b. do`retiwshiliginin` ayri’qsha a`hmiyetke iye bolg`anli’g`i’n atap wo`tiwimiz za`ru`r. Qaraqapaq poeziyasi’nda tani’lg`an bul shayi’rlar ha`r qanday talant si’pati’nda ha`zirgi ku`n poeziyasi’nda da ko`p sanli’ woqi’wshi’lari’na iye.

1980-ji’llardi’n` wortalari’nan baslap, 1990-ji’llardag`i’ poeziya, uli’wma qaraqalpaq a`debiyati’ni’n` a`dewir rawajlang`an janri’ boldi’. Ha`r bir a`debiyat wo`zinin` buri’ng`i’ da`stu`rin rawajlandi’ra woti’rip toli’sadi’, al kemshiliginen juwmaq jasaydi’, jaqsi’ baslamalari’n jetilistiredi. A`debiyati’mi’zdi’n` bul da`wir ishindegi jetiskenliklerinin` tiykari’ usi’nda boldi’. Sonday-aq, ja`miyette boli’p ati’rg`an ha`r qi’yli’ siyasi’y-ekonomikali’q ha`m tari’yxi’y wo`zgerisler de poeziyani’n` ha`m qaraqalpaq a`debiyattani’w iliminin` rawajlani’wi’na ta`sirin tiygizdi. Shayi’rlardi’n` ko`rkemlikke umti’li’wshi’li’g`i’ artti’. Qurg`aq bayanlaw, sxemati’zmnen bari’nsha qashi’qlasqan poeziyali’q do`retpeler payda boldi’. Lirikali’q qaharman obrazi’n do`retiwde lirikali’q qaharmanni’n` mu`ra`ja`ti qarati’lg`an adres lirikali’q ob`ekt dep atali’p, shi’g`armada sheshiwshi ko`rkem elementlerdin` biri si’pati’nda qatnasadi’. Shayirdi’n` lirikali’q qaharman arqali’ jetkerip bermekshi bolg`an woy-pikirleri de usi’ lirikali’q ob`ekttin` qatnasi’na qaray ko`rkemlikke iye boladi’. Sonli’qtan, lirikali’q ob`ektti tan`law shayi’rdan u`lken izlenisti talap yetedi. Lirikali’q ob`ekt lirikali’q qaharmanni’n ruwhi’y halati’n jetkerip beriwge, xarakterin jarati’wg`a, shig`armani’n` ideyasin ashi’wg`a qatnasadi’. Shayi’rlar ta`repinen tan`lang`an lirikali’q ob`ekt ha`r tu`rli boli’wi’ mu`mkin. Shayi’r lirikali’q ob`ekt ushi’n abstrakt na`rselerdi de, konkret na`rselerdi de ko`rkem obrazli’ tu`rde tan`lay beriwi mu`mkin. Biz so`z yetken da`wir poeziyasi’nda lirikali’q sub`ekt ha`m lirikali’q ob`ekt obrazlari’n jarati’wda da shayi’rlari’mi’z bir qansha jetiskenliklerdi qolg`a kirgizdi.

Biz pitkeriw qa`niygelik jumi’si’mi’zda XX a`sirdin` 80-90-ji’llari’ndag`i’ poeziyadag`i’li’rikali’q qaharman obrazi’n jasaw wo`zgesheliklerin usi’ da`wirde

jemisli do`retiwshilik yetken J.Izbasqanov, K.Kari'mov, S.Ibragimov, M.Berdiev si'yaqli' shayi'rlardi'n` do`retpeleri mi'sali'nda anali'zge tartti'q ha`m wolardi'n` lirikali'q sub`ekt ha`m lirikali'q ob`ekt obrazlari'n jasawdag`i'sheberliklerin u`yrene woti'ri'p to`mendegishe juwmaqqa keldik.

Birinshiden, XX a`sirdin` 80-90-ji'llari'ndag`i' shayi'rlar do`retiwshiliginde ideyali'q-temati'kali'q bag`dar yele de ra`n`ba`ren`lesti. Bug`an so`z yerkinligi, tema yerkinligi mu`mkinshilik ashi'p berdi. Shayi'rlar yen` aktual ma`selelerdi wo`z shi'g`armalari'na tiykar yetip aldi'.

Yekinshiden, shayi'rlari'mi'zdi'n` bul da`wirdegi lirikali'q qosi'qlari'ni'n` ko`rkem formasi', janrli'q qa`siyetleri ko`p tu`rli boli'p, a`sirese, yerkin qosi'q janri' sol da`wirde shayi'rlari'mi'z do`retiwshiliginde ayri'qsha janr si'pati'nda toli'q qa`liplesti, rawajlandi'.

U`shinshiden, shayi'rlari'mi'zdi'n` 80-90-ji'llari'ndag`i' lirikalari' da`wir problemelari'na wo`zinin` ha`zir juwapli'li'g`i' menen publitsistikali'q xarakterge iye. Wonda lirikali'q qaharman da`wirdin` a`hmiyetli ja`miyetlik, siyasi'y, ekonomikali'q turmi'si'na biypari'q qalmaydi'. Mi'sali', K.Ka`rimovti'n` «Metamorfozalar» qosi'g`i'nda wo`tken 70 ji'lli'q wo`tmish penen 90-ji'llardag`i' ja`miyettegi siyasi'y wo`zgerisler ha`m woni'n` ta`siri ma`selesi ko`terilgen.

To`rtinshiden, shayi'rlardi'n` XX a`sirdin` 80-90-ji'llari'ndag`i' do`retiwshiliginde lirikali'q qaharman jarati'wda bir qansha izlenislerdi seziwge boladi'. Sebebi, ha`r bir shayi'r wo`zinin` do`retiwshilik stiline iye. Mi'sali', K.Ka`rimovti'n` do`retpelerinde intellektualli'q si'patlar basi'm bolg`anli'g`i' ushi'n woni'n` lirikali'q qaharmani' da wo`mirlik ha`m turmi'sli'q ma`selelerde wo`zinin` printsipine iye, keskin pikirlewi menen aj'i'raladi'. J.Izbasqanov lirikasi'nda su`wretlewshilik basi'm. Woni'n` shi'g`armalari'nda lirikali'q qaharman na`zik sezimlerdin` iyesi, jani' suli'wli'qqa qumar insan obrazi'. Sonli'qtan wol wo`mirdin` qayg`i'li' ma`writlerin su`wretlewde de sezimler qursawi'nan shi'g`i'p kete almaydi'. Lirikali'q ob`ekt lirikali'q sub`ekttin`

halati’n su`wretlewde geyde ta`biyat ko`rinisleri, geyde su`ygen ashi’g`i’, geyde insani’yat ushi’n joqari’ sezimler, tu`sinikler ko`rinisinde beriledi.

S.Ibragimov ha`m M.Berdiev poeziyasi’nda lirikali’q qaharman obrazi’n jarati’wda abstraktli’li’q, allegoriyali’q su`wretlew ta`n.

Soni’n` menen birge, shayi’rlari’mi’zdi’n` geypara qosi’qlari’nda lirikali’q qaharman jarati’wda kemshiliklerde joq yemes. Ayi’ri’m lirikalari’ndag`i’ obrazlari’nda dekloraciyali’q belgiler de ko`rinedi.

Juwmaqlap aytqanda, XX a`sirdin` 80-90-ji’llari’nda qaraqalpaq poeziyasi’ rawajlani’wdi’n` wo`zine ta`n basqi’shi’n basi’p wo`tti. Bul wo`zgeshelik sol da`wirde qa`lem terbetken shayi’rlardi’n` poeziyasi’nda lirikali’q qaharman obrazi’n jarati’w sheberliginde ayqi’n ko`rinedi.

# Paydalani’lg`an a`debiyatlar

## Монографиялар


1. Адабий турлар ва жанрлар.Уч жилдлик. 2-жилд. Лирика, Тошкент, «Фан», 1992.
2. Ахметов С. Талантқа талап. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986.
3. Ахметов С. Қарақалпақ әдебий сыны. Нөкис, «Қарақалпакстан», 1994.
4. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.
5. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994.
6. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002.
7. Жамол Камол. Лирик шеьрият. Тошкент, «Фан», 1986.
8. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық ўөзгешеликлери ҳәм раўажланыў тарыйхы. Нөкис, «Билим», 2004.
9. Иззат Султан. Адабиёт назарияси. Тошкент, «Ўқитувчи», 1986.
10. Quranov D. Adabiyotshunoslikka kirish. Toshkent. Abdulla Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriyoti. 2004.
11. Квятковский А. Поэтический словарь, Москва, “Сов. Энц.”, 1966
12. Литературный энциклопедический словарь, Москва, «Советский энциклопедия». 1987.
13. Лотман Ю.М. О поэтах и поэзии. Анализ поэтического текста. Статьи. Исследования. Заметки. Санкт-Петербург, «Искусство-СПБ», 2001.
14. Мамбетниязов Т. Жана қаракалпақ поэзиясы ҳәм дәўир талабы. Нөкис «Билим», 1994.
15. Оразымбетов Қ. Қосық теориясы. Тошкент. Алишер Навоий номидаги Ўзбекистон Миллий кутубхонаси нашириёти. 2010.
16. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004.
17. Худайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.

18. Худайбергенов Э. Адабиетшуносликка кириш. Тошкент, ҒЎАЖБНТҒ маркази, 2003.

## Мақалалар

1. Генжемуратов Б. Поэзия - бул илаҳий дүнья. «Әмиўдәрья», 1991, № 2, 122-124-бетлер.

2. Жәримбетов Қ. Рубайы ма яки төртлик пе. «Вопросы поэтики русской и каракалпакской литературы», 1999, 35-б.

3. Оралбаева Ү. Лирикалық қаҳарман образы.// «Қарақалпақ әдебияты», №11(135), 2013, ноябрь

3. Хошниязов Ж. «Мерўерт шықлар.» «Ж.Л.», 19-май, 1982.

## Көркем әдебиятлар

1. Бердиев М. Жаңғырық. Нөкис, «Билим», 1994.

2. Ибрагимов С. Жер менен аспанның аралығында. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990.

3. Ибрагимов С. Далалар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1982.

4. Ибрагимов С. Бесинши мәўсим. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986.

5. Избасқанов Ж. Өмирге қуштарлық. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.

6. Избасқанов Ж. Сайланды шығармалары. I томлық, Нөкис, 1999.

7. Избасқанов Ж. Мен күткен күн. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1993.

8. Избасқанов Ж. Лирика дәптеринен. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1982.

9. Избасқанов Ж. Муҳаббаттың алмаз қырлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.

10. Каримов К. Жибериң (Ашық хат). «Әмиўдәрья», 1990, №6, 34-35б.

11. Каримов К. Аралықлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1989.

12. Каримов К. Ўақыт минарасы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1983.

13. Каримов К. Мениң терезелерим. Нөкис, «Қарақалпақстан», «Қарақалпақстан», 1985.

14. Каримов К. Аралдан келдим. «Қарақалпақстан», Нөкис, 1991.
15. Каримов К. Умытылған ярым ай. «Қарақалпақстан», Нөкис, 1998.
16. Каримов К. Көңилим мүлки. Нөкис, «Билим», 2005.
17. Каримов К. «Жоғалған пурсат». «Еркин Қарақалпақстан», 2005-жыл декабр, № 146.

O’zbekistan Respublikas? Joqar?h’a’m Orta arnawl? Bilimlendiriw Ministrligi

Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti

Fakultet________________________________________________

Kafedra__________________________________________________

Ta’lim bag’dar?_____________________________________________

«Tast?y?qlayman»

A’debiyat teoriyas?h’a’m oq??w metodikas?

kafedras?basl?g’?

_______________ Q.Yusupov

«___»__________ 20___ j?

Pitkeriw qa’nigelik jum?s? boy?nsha

TAPSIRMA

_______________________________________________________________________________________

1.PQJ temas?__________________________________________________________________________

_______________________________________________________________________________________

2. PQJ tak???b???n universitettin 20___ j? «___»________dag’?_____ sanl?buyr?g’?

menen bekitilgen.

3. Pitken jum?st? taps??w waq?t? 20____ j? «___»___________

4. PQJ jaz?w boy?nsha ko’rsetpeler:

a) jum?st?n da’slepki mag’l?wmatlar?______________________________________________________

_______________________________________________________________________________________

_______________________________________________________________________________________

_______________________________________________________________________________________

b) jum?s ta’rtibi:__________________________________________________________

v) jum?st?n ul?wma ko’lemi:______________________________

g) jum?st?n u’lgisi:____________________________________

d) jum?st?jaz?w jobas?n 20___j? «__»___________ga deyin ko’rsetiw;

e) jum?st? o’lshem talab?na sa’ykeslendiriw 20__ j? «__»___________

6. Taps?rma berilgen ku’n «__»_________ 20___ j?

Pitkeriwshi:_______________ İlimiy bassh?:_______________

**Pitkeriw qa’nigelik jum?s?n h’a’r bap h’a’m bo’liminde isteletug’?n jum?sqa kenesler**

| PQJ bap h'a'm bo'limlerinin at? | İlimiy bassh?n?n F.A. | Taps?rma berilgen ku'n, qol? | |
|---|---|---|---|
| | | Taps?rma berdi | Taps?rma ald? |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

**Pitkeriw qa'nigelik jum?st? jaz?w kestesi**

| № | PQJ bap h'a'm bo'limlerinin at? | Or?nlan?w wak?t? | Or?nlang'anl?g'? tuwral? İlimiy basshının qolı |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |